HURONGWA HWECHECHI

Uchachimaranzura. Rova . . . [Mumwe munhu anoti, "Regai ndichibatidze."—Mupepeti.] Zvakanaka. Uye musazvibatidza iko zvino, kuitira kuti . . . Chibatidza. Uye ticha . . . Uye iva wakagadzirira kuzvidzima. Uye, kana, ndichakuratidza nekugutsurira musoro wangu, se*zvizvi*. Waona? Waona? Ndichakuratidza nekugutsurira musoro wangu. Iwe . . . Zvakanaka, chibatidze, nokukurumidza. [Hama Billy Paul vanoti, "Munoda kuti ndinge ndiri papi, baba?" Mumwe munhu anoti, "Vati, 'Chibatidze.'"]

Hama, tadaidza musangano uno manheru ano kuitira kuti tizive kuti tofambisa sei Chechi yaMwari mupenyu, inova, yatinotenda kuti inova chikamu cheChechi ino.

2 Chokutanga, ndinoda, kuti nditi munzendo dzangu ndichipoteredza pasi pose, sokuziva kwandinoita, ino ndeimwe yenzvimbo dzomweya zvakanyanya paunonzwa Mweya waMwari kupfuura imwe nzvimbo ipi zvayo yandinoziva. Ndaiva nedzimwe nzvimbo mbiri mupfungwa dzangu dzaimbova dzakadaro, asi kusvikira zvino hati—hatisi kuita setinoona nzvimbo idzodzo; imwe yadzo yakapinda mukuva sangano, uye imwe yaka—yakaita sokuwa.

3 Saka ndakaridzirwa runhare nezuro uye ndika—ndikaudzwa kuti mose manga muchida musangano kuti mundibvunze mibvunzo iyoyi inoenderana nemabasa enyu muchechi ino, uye ini . . . ndicho chikonzero chandiripo pano manheru ano, ndechokuti . . . uye ku—kunyatsogadza chechi, kana kuti kukuudzai zvinhu zvandinofunga kuti—kuti ndizvo zvinobatika zvinoita kuti chechi ino ienderere mberi.

4 Hama, ndine chokwadi kuti muri kucherechedza izvozvo, sezvandataura pamusoro penzvimbo ino kuti ndeyemweya. Haisiyo nzvimbo hurusa pasi rino, uye haisiyo patine kuimba kwakanyanyisa, kudanidzira kwakanyanyisa, uye kuzhambatata kwakanyanyisa, kana kuti kutaura nendimi kwakanyanyisa, nezvimwe zvinhu, hazvisiri izvo, asi imhando yoMweya unoshanda pano mutabhenakeri ino. Uye, kusvika patasvika, ndinoda kurumbidza nokutenda Hama Neville, ne—nemi hama pano, matirastii, nemadhikoni, nasuperintendent weSunday school, nevose, pa—pane zvamakaita muchibatsira kuchengetedza izvi zvakadai. Ndiwo wagara uri munamato wangu, uye chishuvo kubvira ndiri mukomana, kuti ndione chechi yakaiswa muhurongwa uye ichichengetedzwa iri muhurongwa.

5 Zvino, patakakumikidza chechi, ndakakuudzai, "Mushure mechinguva chishoma ndichange ndine zvimwe zvokutaura

kwamuri pamusoro pazvo," maisirwo echinhu ichi muhurongwa, mafambisirwo ainofanira kuitwa. Uye makatanga . . . mushure mokubva pano, takanga tine vashumiri nevakadaro. Asi zvino, Hama Neville apo vanga vachiri muduku pakati pedu, vakauya pakati pedu, ndakafunga kuti zvingava nani kuti Hama Neville vanyatsodzika midzi zviri nani muKutenda ndisati ndazivisa zvinhu zvandava kuda kuita zvino. Asi zvino, mushure mokuona kuti vari kunyatsodzika midzi muKutenda, uye vava kunzwisisa kuti Dzidziso iyi chii, uye—uye vakaita chikamu chechapupu chakatendeka kuna Kristu uye vakabata pane zvatinotenda kuti iChokwadi, ndinofunga kuti nguva yacho yasvika zvino, inova nguva yakanaka, kuti tiswedere pavari mu . . . uye napakati penyu imi vakuru nezvakadaro pano zvechechi, kuitira kuti mugotora mirairo iyi nokuirangarira, ndiyo yakanakisa pakuziva kwangu pamberi paMwari. Uyezve ndakatarisira kwamuri kuti muchaita zvinhu izvi nenzira yandiri kuzvitaura, nokuti mumwe munhu anofanira kuva ndiye musoro pano apa. Munofanira kuva . . .

6 Zvino, handisi kuedza kuita chisimba kana chimwe chinhu chakadaro, asi, munoona, munhu kana chinhu chipi zvacho chine misoro miviri pachiri, hachi—hachizivi kuti chofamba sei. Mwari haana kumbobvira akava nemisoro miviri paChechi yaKe, haAna kumbodaro, unongova musoro mumwe. Aigaroshanda muchizvarwa choga-choga sezvatakanzvera muMagwaro, panongova nemunhu mumwe chete bedzi waAnoshanda naye. Nokuti ukaisa vanhu vaviri, watova nepfungwa mbiri. Zvinofanira kusvika pane mhedziso imwe chete yechakakwana, uye ini mhedziso yechakakwana changu iShoko, Bhaibheri. Uye somufundisi wechechi pano, mhedziso yechakakwana changu iShoko, uye ndinoda . . . Ndinoziva kuti, imi hama, uye munoita sokutarisa kwandiri semhedziso yechakakwana kuitira . . . apo nguva yose pandinotevera Mwari sezvakataurwa naPauro muGwaro, "Imi nditeverei, sezvandinotevera Kristu."

7 Uye zvino ndinotarisira kuti imi hama, panguva ipi zvayo pamunondiona ndichibva paGwaro iri, muuye kwandiri pakavanda mondiudza pandiri kukanganisa. Handina basa nokuti uri mumwe wematirastii kana uyo . . . kana kuti uri muchengeti wepano, chero zvauri, wakasungirwa kwandiri, sehama muna Kristu, kuti mundiudze pandinenge ndichikanganisa magwaro. Kana paine mubvunzo, ngatigarei pasi toupindura, tose pamwe chete.

8 Uye ndicho chikonzero mauya, ndinofunga kudaro, kwandiri manheru ano, mukandiunza muno, imhaka yokuti pane mibvunzo pano inoita seiri kukubvunzai mupfungwa dzenyu pazvinhu zvandinazvo—zvandinazvo pano. Zvino rangarirai, hama, handizivi . . . hapana mazita akasainwa pane ripi kana ripi zvaro ramatikiti aya, asi . . . uye yakanyorwa, uye handigoni . . .

handizivi vakainyora, asi mibvunzo iri papfungwa dzenyu, zvino ndiri pano kuipindura sokuziva kwose kwandinoita.

9 Uye rangarirai, Mwari ari kutarisa kwandiri kuti ndigare muShoko. Uye ini ndiri kutarisa kwamuri kuti ndione kuti maita Shoko, maona, maona, muchechi ino. Uye ichengetei iri mumweya, nokuti, rangarirai, masimba ose e—ehumambo hwerima hwaSatani achatsudunurirwa kurwisana nemi pamunotanga kukura munaShe. Uye munofanira kuva masoja, kwete vatsva vetsambo muhondo. Mava masoja akura zvino, uye makadzidziswa kurwa. Uye Satani achauya pakati penyu, agokukonzerai kukakavadzana mumwe nemumwe kana achigona. Mushaisei nzvimbo chiriporipocho; muri hama; uye iye muvengi. Uye tiri pano kusimudza chiyero munguva yeChiedza chamanheru, icho, apo nyika iri murima nehumambo hwose hwechechi yose hwava kupinda muKanzuru yamaChechi. Uye zvino uno vachaedza kurovera chikwangwani pagonhi rino, "Pakavharwa!" Uye zvadaro tichazofanira kusangana pane dzimwe nzvimbo, nokuti zvirokwazvo vachavhara machechi aya rimwe ramazuva ano kana tikasagamuchira mucherechedzo wechikara. Uye tiri kuvimba nokugara takatendeka kuna Mwari kusvikira rufu rwatisunungura, uye ndizvo zvatinoda kuita.

10 Zvino takananga pa . . . Uye ndinoda kukumbira, kuti kana pakava nenguva yokuti chimwe chezvinhu izvi pangava nemubvunzo pachiri, kuti paridzwe tepi ino pamberi penhengo dzechechi ino, munoona, pamisangano yenyu, kana kuti shumiro isati yatanga, ipapo shumiro isati yatanga. Batidzai tepi ino moiridza! Uye dai ungano pano ikanzwisisa kuti varume ava vakasungirirwa kuna Mwari, semhiko yavo muchechi ino, kuti vachabatsira kusimudzira maitirwo ezvinhu aya. Unogona kusawirirana navo; uye ndikakuti iwe uitungamirire, ipapo ini ndichatadza kuwirirana newe. Tinofanira kuva nepatinotora mhedziso ye chakakwana pane imwe nzvimbo. Uye pakanakisa pandinoziva, ndiri kuzvipa izvi pasi poMweya Mutsvene, ndichiMuita kuti ave mhedziso yechakakwana. Uye itai kuti tepi ino ive kwamuri mhedziso yechakakwana pamibvunzo iyi.

Zvino, wokutanga ndouyu:

Chechi ichaita sei kana pakumbirwa rubatsiro rwemari . . . yezvokudya nezvokupfeka? Ichaita—ichaita sei, chechi ichaita—ichaita sei?

11 Zvino tinocherechedza kuti chechi ine mungava pane vayo, panhengo dzedu pano dzechechi, tine mungava uzere pamaererano nezvinodikwa patiri kuti tivape. Tine mungava kune vedu, vanova, nhengo dzetabhenakeri dzisingangopupurutswi-pupurutswi, dzaramba dzakangomira dzinouya pano dzichishumira nesu. Takasungirwa kwavari, sehama nehanzvadzi dzedu avo varatidza kuti inhengo dzedu dzekuungana kwedu uku.

12 Zvino, tinoona kuti kune mamiriyoni manheru ano asina zvokudya, asina zvokupfeka, uye tingada kuti tikwanise kuvabatsira boka ravo rose, kuita zvose zvatinokwanisa; asi hatina mari yokugona kuita izvozvo, hatingagoni kuriritira pasi rose. Asi takasungirwa kune vedu. Uye ndinofunga, ipapa, uye kuti kana paine chinenge chasara icho mungada kupa kuvanhu vasiri nhengo pano dzechechi ino, chimwe chinhu chamunoda kuvapa, zvinofanira kuitirwa musangano neboka remadhikoni.

13 Madhikoni ndivo vanofanira ku—kusangana nechikumbiro ichi, kana kuti dambudziko iri, ndingati; nokuti muBhaibheri pakasimuka kukakavadzana pamusoro pezvokudya nezvokupfeka, uye zvakadaro, muBhuku raMabasa, vakadana vaapositora pamusoro pazvo, vakati, "Endai munotsvaga imi varume vanomwe vanopupurirwa kutendeka, uye vakazara noMweya Mutsvene kuitira kuti vaite zvinhu izvi. Nokuti isu tichazvipira nguva dzose kuShoko raMwari nomunyengetero."

14 Uye harisiriro basa romufundisi kutsvaga . . . zvezvokudya nezvakadaro. Izvo zvakafanira kuva zvemadhikoni. Hazvisi zvematirastii, ihofisi yamadhikoni kuita izvozvi. Uyezve izvi zvinofanira ku . . . Rangarirai muBhaibheri, vaiunganidza zvinhu kuitira vavo, maGiriki nema—nemaJudha, pakasimuka nharo pachinzi vamwe vanga vachiwana zvakati pfuurirei kupfuura vamwe, asi vaiva vanhu vakanga vatengesa zvinhu zvavo zvose vakazvipa kuchechi kuti iriritirwe, uye zvino kuti—kuti vachizvigoverana pakati pavo zvakaenzana. Zvino pakava nekukakavadzana kwakasimuka, uye ndipo patakava nemadhikoni edu okutanga. Uye iroro ndiro rimwe remabasa avo, rokuti vaite izvozvo.

15 Ndinofunga kuti, sevedu, sevanhu vedu, tinofanira kuvariritira. Uye kana pakava nekunyunyuta, kunofanira kuziviswa, sachigaro weboka remadhikoni, poitwa musangano neboka ramadhikoni voona kuti chii chavangagona kuita pamusoro pazvo. Uye zvinhu zvose izvo zvinova zvokupfeka, nezvokudya, nezvokubatsirwa nemari, kana zvazvingava, zvinofanira kuuya nokumadhikoni. Ipapo madhikoni, kana vatora sarudzo yokuti vacha—vacha . . . kuti vachaita sei pamusoro pazvo, zvinofanira kuchiziviswa kuna mu—mubati wehomwe, kuti zvionekwe kana mubati wehomwe achikwanisa panguva ino kuti abhadhare mari ingarehwapo, kana kuti—kana kuti kutenga nhumbi idzodzi, kana kuti chii chingange chichifanira ipapo. Asi boka re—remadhikoni rinofanira kusangana pamusoro pazvo, uye hazviendi izvi kumatirastii kana kumufundisi. Izvi ndezvemadhikoni, zvachose.

Zvino, apa, mubvunzo wepiri.

Zvakatokwana here kutaura pachena kubva papurupiti kuti ndimi nedudziro zvinofanira kuitwa mushumiro inotangira sevhisi?

Ndiwo mubvunzo wechipiri uri parupepa urwu rwandinarwo pano, kanova kakadhi kadiki.

16 Zvino, izvi zvinenge zvakananganа nomufundisi pano, maona. Nokuti iye—iye, mushure mezvose, kudivi rezvomweya, ndiye musoro waizvozvo. Madhikoni mapurisa muchechi, kuti vachengetedze hurongwa nokuchengetedza zvinhu izvi, uye kupa zvokudya kuvarombo, nezvakadaro. Matirastii vanochengeta mari nechivakwa; ndizvo zvavanofanira kuchengetedza. Asi mufundisi ndiye ano—anoongorora divi rezvomweya, zvino izvi ndezvenyu, Hama Neville.

17 Zvino, pane . . . imwe nguva yapfuura pakaiswa hurongwa, muchechi. Ndinotenda mukutaura nendimi, nokududzira, uye nezvipo zvose zvomweya zvakanaka zvakazodzwa naMwari kuti zvive muchechi. Asi tiri kurarama muzuva rakangoita sezvazvaiva munguva yeBhaibheri, apo machechi . . . Zvino, munocherechedza Pauro, ndiye wakatanga chechi paEfeso, chechi yeEfeso, yaiva chechi yakanyatsodzika midzi. Makacherechedza here? Tinotenda kuti Pauro, uye iye wakadarowo pachake, kuti iye wakataura nendimi zhinji, uye tinoziva kuti waiva nezvipo zvendimi. Kwete dzaakanga adzidza, asi idzo dzaakapiwa pamweya, nokuda kwemataurire ake kuVaKorinte apo. Uye kuchengetedza nguva, handisi kungoenda kuBhaibheri nokukuverengerai, nokuti zvingazoita kuti kugara kwedu—kwedu muno manheru ano kurebese, sezvo ndisina nguva yakanyanya kuwanda. Uye zvino . . . asi kungoitira kuti munyatsoona pachena.

18 Zvino, Pauro haana kana nguva imwe chete yaakambotaura kuchechi yeEfeso kana kuti kuchechi yeRoma, kana imwe yamachechi iwawo, pamusoro pezvipo zvavo zvepamweya, maererano nokuisa zvipo zvavo muhurongwa. Asi wakatoramba achitaura kuVaKorinte pamusoro pazvo, nokuti vaitoitora senyaya nguva dzose. Uye Pauro wakati, paakauya pakati pavo, kana vakaona kuti mumwe aiva nendimi uye mumwe aiva nerwiyo, uye akatenda Ishe nokuda kwezvipo zvavo zvose zvakanaka zvavaiva nazvo nezvimwe zvakadaro. Uye kana mukacherechedza muchitsauko chokutanga kana zviviri zvokutanga zvaVaKorinte, Pauro wakanga achivaudza, zvavari muna Kristu, achivaisa panzvimbo, kuti iye . . . ivo vaiva vakaiswa panzvimbo sei muna Kristu.

19 Zvino mushure mokunge avaudza, apa sababa akatanga kuvarova neshamhu, ndokuti, "Ndinonzwa kuti pane gakava pakati penyu, uye ndinonzwa kuti munouya patafura yaShe kuzodhakwa." Haana kuvati havasi makristu; uye imi hama musadaro, musavapomera muchiti havasiri makristu, asi inzira yavari kuzvibata nayo mumba maMwari. Ndipo pane nyaya yacho.

20 Zvino, ndingataura izvi, sezvakataurwa naPauro wekare, kuti, "Kana moungana, kana mumwe akataura nendimi, mumwe ngaadudzire. Kana pasina anodudzira, kana zvadaro ngaanyarare. Asi kana pane anodudzira . . . "

21 Zvino, ndakaongorora chechi pano, ndikakuonai muchikura, uye ndakaona zvipo zvizhinji zvomweya zvichishanda pakati penyu. Ndichireva pachena, kamwe ndakauya kuna Hama Neville pamusoro pechimwe neShoko rakabva kuna Mwari, kuti ndivagadzirise pane zvavakanga vachiita.

22 Zvino kana ini . . . kana Ishe vane . . . Mweya Mutsvene wakandiita mutariri weBoka, zvino ibasa rangu kukuudzai Chokwadi. Uye ndinofara nokuda kweHama Neville, vakaterera Chokwadi. Ndinokwanisa kungoChitaura sezvaAnondiudza.

23 Zvino, pane zvizvi, sezvandakaona chechi yenyu ichikura, ndakaicherechedza. Uye muchechi, heino nzira yazvaiva pakutanga, uye ndiyo nzira yati—yatinoda kuti zvive zvakare.

24 Zvino, mukasatarisisa, apo vacheche . . . Chokutanga chinoitwa nemwanana kuedza kutaura paanenge iye asingagoni kutaura. Maona? Anongoita ruzha rusina zvarunoreva, uye ruzha, ne—nezvakadaro, asi anofunga kuti anongo . . . anogona kutaura kupfuura muparidzi panguva iyoyo. Zvakanaka, hatizviwani bedzi muhupenyu hwapanyama, asi tinozviwanawo muupenyu hwepamweya. Kuva mwana *mudiki*. Zvino kana ukaedza kugadzirisa mwana uyu nokumurova zvishoma nokuti ari kuti "guuu" achiedza kutaura, unomuparadza mwana iyeye. Munoona, uye unomurwadzisa. Uye zvakanyanya kunakisa ndezvokurega mwana iyeye achimbokura kwenguva kusvikira ava kugona kutaura mashoko ake zvakanaka, uye ipapo chimuudza kuti *papi*. "Kwete kana baba vachitaura kana kuti kana mai vachitaura." Asi kana nguva yakwana, muregei achitaura zvaanoda kutaura. Muri kundinzwisisa here? Zvino, muregei ataure kana nguva yake yokutaura yasvika.

25 Zvino, kana pane chinhu chakambova munzwa munyama yangu, kunze uko mumisangano, munhu anoedza kusimuka apo pandinenge ndichiri kutaura obva apa shoko nendimi achidimbura Mweya. Ndakabva mumusangano muNew York nokune nzvimbo dzakasiyana-siyana uko vashumiri vanozvirega zvichingoitika, nguva nenguva, uye hapana chimwe chiripo asi—asi nyonganyonga. Munoona, kana Mwari achishanda nerimwe gwara repfungwa, Iye . . . zvingazova—zvingazova . . . Angange achiparadza chinangwa chaKe Pachake, kana Achiedza kusvitsa kwamuri rimwe gwara repfungwa, kuungano, achidaidza vanhu kuaritari ipapo chimwe chinhu chongokaruka chapindirapo.

26 Somuenzaniso, saizvozvi. Takagara patafura, tichitaura, ipapo tichitaura nezvaShe. Ipapo muduku ongomhanyira kutafura, nokukasika, aita kuti pfungwa dzedu dzibve pane zvose zvatiri kuita, uye obva, adanidzira, achizhambatata,

"Baba! Amai! Ini zvangu! Ini zvangu! Ndichangogohwesa zvibodzwa zvetimu yedu! Uye taita zvose *izvi, izvo, nezvimwe*!" Uye isu tanga tiri chaipo panyaya inoremekedzeka. Zvino, iye achigohwesa mapoinzi, zvakanaka izvo; kumutambo webaseball, zvakanaka. Asi wabuda muhurongwa kana apindira pamharidzo yatiri kutaura nezvayo. Ngaamirire kusvikira nguva yake yasvika ndipo paanozotiudza hake zvaaita kumutambo webaseball.

27 Zvino, ndizvo zvimwe chete zvatinoona pazvipo nhasi. Ndicho chikonzero Mwari asingagoni kuvimba kuti ape zvipo zvizhinji zvomweya kuvanhu, havazivi kuti vanozvidzikamisa sei. Ndiro dambudziko nhasi, ndicho chikonzero tisina zvinopfuura zvatinazvo.

28 Zvakare tinoona kuyedzesera kuzhinji kwezvipo zvomweya. Asi handitendi kuti zvakadaro pano pachechi yedu. Ndinotenda nokuda kwaizvozvo. Handitendi zvachose kuti pane kutevedzera pano. Ndinotenda kuti tine zvipo zvamazvirokwazvo, asi tinofanira kuziva kuti zvipo izvozvo zvinodzikamiswa sei.

29 Uye kana wava kuita chinhu chakanaka . . . Zvakangofanana nokunge wanga uchishandira mukuru webasa uye wotanga kushanda musi wokutanga wakagadzirira kuita zvaunoudzwa, ipapo mukuru wako webasa anova nokuvimba newe zvino oramba achingokukwidziridza kuhofisi yakakwirira nguva dzose.

30 Zvino, ndinotenda kuti nguva iyoyo yasvika paBranham Tabhenakeri, yokuziva kuti . . . kutora zvipo izvo Mwari akatipa, izvo zvokuti Mwari anogona kuzovimba kutipa zvikuru zvinopfuura izvo zvatinazvo. Asi hatigoni kuramba tichienda . . . uye unoona munhu waunofanira kugara uchingomuudza nezvose. Uye rangarirai, "Mweya wevaporofita uri pasi pomuporofita," ndizvo zvinoreva Magwaro. Ukaona murume waunofanira kudzorera mugwara, kana mudzimai, munhu iyeye obuda muhurongwa, ipapo uchimuudza Chokwadi chaMagwaro, zvinobva zvaratidza kuti mweya uri paari hausi waMwari. Nokuti Bhaibheri rakati, "Mweya wavaporofita," kana kuti, "kuporofita," ndiko, kupupurira, kuparidza, kutaura nendimi, kana chero zvazvingava, nokuti ndimi dzadudzirwa chiporofita. Saka unozviisa pasi pomuporofita, uye Shoko ndiye muporofita. Saka ti—tinoona kuti zviri kunze kwehurongwa kuti murume kana mudzimai asvetuke opa shoko, zvisinei kuti vanonzwa sei kudaro, kana muparidzi achiri papurupiti.

31 Zvino ndinopanga zano iri ku Branham Tabhenakeri, kuti sezvo zvipo zvedu—zvedu zvatinoona . . . Uye tine vamwe vanhu vakaisvonaka pano vane zvipo. Zvino, chimwe nechimwe chezvipo izvo ishumiro pachayo. Izvo zvipo, sezvakangoita kuparidza chipo, sezvakongoita kupodza chipo, sezvakangoita

zvimwe zvinhu zviri zvipo, izvi zvipo, ishumiro pachadzo. Uye munhu wose anorairwa kuti amirire pashumiro yake pachake.

32 Saka Branham Tabhenakeri ngaifambiswe nenzira iyi, uye muzuva, kunyanya zuva rino patine zvakawanda (handidi kutaura izvi, asi), pane kutenda kwekabanga kwakawanda. Hatidi kutenda kwekabanga. Hakuna munhu, hakuna munhu wakatendeka anoda kutenda kwekabanga. Isu . . . Kana tikasa . . . tisingakwanisi kuva nechamazvirokwazvo, ngatisatombova nechinhu zvachose, ngatimirirei kusvikira tawana chamazvirokwazvo. Zvino, ndinotenda kuti imi—imi varume munobvumirana naizvozvo. Hatidi kutenda kwekabanga zvachose. Hama, hatingatangi nokutenda kwekabanga pane chimwe chinhu ipapo tichisiya nyika ino. Tinofanira kuva nechamazvirokwazvo, uye nechazvokwadi. Kana tisinacho, ngatimirirei kusvikira tava nacho, tozotaura chimwe chinhu pamusoro pacho. Maona?

33 Zvino, ndingati, regai varume vose ava nemadzimai vanotaura nendimi, nokuporofita, nokupa shoko . . . Uye ndiri—ndiri kutenda pamwe chete nemi varume kuti vanhu ava ndevamazvirokwazvo. Zvino, Bhaibheri rakati, "Edzai zvinhu zvose; uye mubatisise icho chakanaka." "Nokuti nemiromo inondandama nedzimwe ndimi ndichataura kuvanhu ava, uku ndiko kuzorora kwandakati vanofanira kupinda makuri," umo muBhuku raIsaya.

34 Zvino, ndingapanga zano iri kuitira kuti nzvimbo tsvene ingoshumirwa bedzi nechipo chimwe chete panguva imwe chete, nokuti izvi zvinotidzosera takananga kuhurongwa zvakare uhwo hwandiri kuedza kutaura: kana mumwe achitaura, mweya wevaporofita ngauve pasi pevaporofita. Munozvinzwisisa here? Zvino, itai avo vane shumiro yokupa kuMutumbi waKristu . . . Zvino izvi zviri kutotaurwa, zvino ngazviitwe. Avo vane shumiro yokupa kuMutumbi waKristu ngavamirire vari pashumiro dzavo, nokuti ishumiro inobva kuna Kristu ichienda kuchechi. Asi hamugoni mese kushumira panguva imwe chete, panofanira kuva nemumwe chete panguva imwe chete.

35 Branham Tabhenakeri ichaita saizvozvi. Avo vanotaura nendimi, neavo vanodudzira ndimi, neavo vane chiporofita chinofanira kupiwa kuchechi, ngavaungane pachavo vagokurumidza kuuya . . . shumiro isati yatanga, ngavaungane mukamuri rakatsaurirwa izvozvo, vomirira pashumiro yaShe.

36 Sezvinofanira kuita mufundisi pachake asati auya kuungano; anofanira kutora Bhaibheri, orinzvera murunyararo rwekamuri yake, ari muMweya, ozodzwa kuti auye pamberi pevungano kuzotaura. Kana akasadaro, achavhiringidzika paanoenda ikoko. (Regai murume nomudzimai woga-woga, ane chipo chomweya, ngaauye pamberi paShe.) Uye mufundisi

zvaane shumiro imwe chete, iye muporofita; shoko reChirungu, *muparidzi*, zvinoreva "muporofita," ndiye anotaura Shoko.

37 Avo vane shumiro dzinofanira kuva chikamu chemumwe munhu, souyo anotaura nendimi nomumwe achizodudzira, vanotomirira *pamwe chete* pashumiro yavo. Haagoni kugara muimba yokunzvera pakavanda votaura nendimi ozouya oudza mumwe wake zvaataura, nokuti unofanira kuva nezvose ndimi nedudziro. Maona? Zvino, kana aine izvozvo, zvakanyatsonaka, tinoda kuzvigamuchira saizvozvo. Uye tinoda kuti chechi iwane kubatsirika kubva pazvipo izvi zviri muchechi yedu. Mwari wakazvitumira kwatiri, uye zvino . . . tinoda kuti chechi yedu ibatsirike kubva pazvipo izvi zvomweya. Saka regai munhu anotaura nendimi, neuyo anodudzira, neuyo anoporofita, regai vauye pamwe chete che—chechi isati yaungana. Regai ivo vaungane muimba yavo vega, vakamirira pashumiro yaShe inofanira kupiwa kuchechi. Zvanzwisisika here?

38 Uye zvino, sezvizvi, kana Hama Neville, toti, zvakanaka, zvino regai ini, ruregerero, regai nditaure izvi: Kana Hama Collins vakataura nendimi Hama Hickerson vakapa dudziro, saka vane shumiro *pamwe chete* kuchechi. Zvino, iyoyo haisi shumiro yeHama Neville; iyo ishumiro *yenyu* kuchechi. Ndiri kupa uyu semuenzaniso. Zvino imi hama munofanira kuva nehanyn'a nokuisa shumiro yenyu munzvimbo yayo muimba yaMwari sezvakangoita mufundisi kuva nehanyan'a neyakewo, nokuti zvakatofanira kuti mudaro. Asi haugoni kuzviita izvi pakavanda muimba yako wega, kana *iwe* ukataura uye *iwe* ukadudzira, munofanira kuungana pamwe chete. Zvino, unganai pamwe chete muchechi, muri moga mune imwe imba pachenyu, nokuti mune shumiro yepakavanda. Haisi shumiro yepachena, ndeiyo inofanira kubatsira chechi. Maona? Ndechimwe chinhu chinofanira kubatsira chechi, asi hachifaniri kuitwa muungano huru chaimo, asi nenzira iyo yandava kuzokuudzai kuti iitwe nayo. Maona? Zvadaro, chero chipi chingadaro chataurwa neHama Collins, Hama Hickerson vakapa dudziro, somuenzaniso, ipapo itai kuti Hama *nhingi* ngavanyore izvi pasi, zvazviri. Uye zvino kana zvava kusvika . . .

39 Zvino, tose tinoziva kuti Ishe vari kuuya, izvozvo tinozviziva. Zvino kana Hama Neville vakasimuka husiku hwega hwega vobva voti, "Tarirai, Ishe vari kuuya! Tarirai, Ishe vari kuuya!" izvozvo zvakanaka hazvo, munoona. Asi vari kutaura izvozvo (ivo mufundisi) vari papuratifomu, nokuti vagamuchira Shoko raizvozvo. Uye kana ari mufundisi, muporofita kuchechi . . . kana kuti mufundisi, ndingati, anofanira kunzvera Shoko raShe nokuzokuudzai zvakanyorwa muShoko raShe pamusoro pokuuya kwaShe, uye imi moyambirwa naIzvozvo. Shumiro yandingatoreva (kuchechi) yavasingabatanidzwa nayo, indimi, kududzirwa kwendimi (kunova kuporofita), kana kuti muporofita achitaura, zvinhu zvisina kunyorwa muShoko.

Zvakanyorwa muShoko, *ava* ndivo vanofanira kuzviunza; asi zvisina kunyorwa muShoko, ndizvo *imi* zvamunovaudza. Toti, somuenzaiso, "Udzai Hama Wheeler, ZVANZI NAJEHOVHA, 'Mangwana, mugomba ravo rejecha, vasaenda kwariri, nokuti muchabheukira rori imomo,'" kana chimwe chinhu chakafanana naizvozvo, uye zvinotofanira kuti zviitike. Uye iwe wazvitaura naiye wazvidudzira, mozviisa papuratifomu shumiro yenyu painenge yapera, zvino zvadaro, manheru, mushure mokupera kwechechi (rwiyo) potanga kuimbwa nezvakadaro; kana shumiro yenyu yapera zvino, regai vachiuya nechiporofita chavo chavapiwa.

40 Zvino handifungi kuti tine . . . Kana muchidaro, isai izvi imomo. Vanhu ava pavanoungana pamwe chete, itai kuti avo vane uchenjeri vatange kuuya. Nokuti, munoona, kana mumwe akataura nendimi nokupa dudziro zvichienderana neMagwaro, izvozvo hazvigoni kugamuchirwa kunze kwekutenge paita zvapupu zviviri kana zvitatu zvavanhu, zvapupu zvavanhu vaviri kana vatatu, munoona, vanofanira kupupurira izvozvo, vanoti vanotenda kuti iroro iShoko raShe. Nokuti . . . Uye dzimwe nguva mushumiro diki idzi, sezvakangoitavo mune ipi zvayo shumiro, munowanikwa mweya yakatsauka; munoona, inobhururuka ichipinda imomo. Zvino hatidi izvozvo. Kwete. Tinoda kuti shumiro idzi dzinge dzakagadzirira kuti dzifumurwe pachena dzinyadziswe kana dzichifanira kuiswa pachena kuti dzifumurwe, nokuti chose chaMwari unogona . . . haunetseki nokuchiisa pachena, ndizvo ndinoreva, chino—chinogona kumirisana nokuedzwa, kana chiri chaMwari.

41 Sezvakangoita mufundisi, kana mumwe munhu akamupikisa paShoko, haafaniri kunyarara pamusoro pazvo, anoziva chaizvoizvo zvaari kutaura nezvazvo, "Huya pano chaipo." Maona? Uye zvimwe chete nedzimwe shumiro idzi, dzinofanira kuva nenzira imwe chete.

42 Zvino, kana—kana mumwe akataura nendimi akapa shoko . . . Zvino, vamwe vanhu vanotaura nendimi pavanenge "vachingozvikurudzira pachavo," Bhaibheri rakati, vari kungova nenguva yakanaka. Vachataura nendimi, vachizvinzwa. Uye va*no*taura nendimi, vanototaura nendimi, uye Mweya unenge uchiita izvozvo. Asi kana zvichibva kunze uko muungano, kutaura nendimi, vachingozvikurudzira pachavo, ipapo hachisi chinhu chinobatsira chechi; murume uyu ari kuzvikurudzira pachake, kana kuti mudzimai, kana upi zvake ari kuzviita. Maona?

43 Kutaura nendimi chipo chaMwari chokukurudzira, sezvakataura Pauro muMagwaro, kuti ndezvokukurudzira kereke. Saka rinofanira kuva Shoko rakananga rinobva kuna Mwari richiuya kuchechi, zviri kunze kwezvakanyorwa muno muBhaibheri. Maona? Ndechimwe chinhu icho . . .

44 Kana waindibvunza, "Hama Branham, ndinofanira kubhabhatidzwa sei?" Ndinogona kukuudza nokukurumidza. Haufaniri kutaura nendimi kuti undiudze izvozvo, zvakanyorwa pano chaipo muBhaibheri zvinofanira kuitwa pamusoro pazvo. Maona? Handifaniri ku. . . haufaniri kubvunza mibvunzo pana izvozvo wogova nomumwe munhu kuti ataure nendimi agokuudza. Munoona, zvakatonyorwa kare izvo.

45 Asi kana ukati, "Hama Branham, ndinofanira kuita sei? Ndine sarudzo pano yandinofanira kuita yokuti ndoenda here kuchechi iyi kana kuti iyo," kana chimwe chakafanana naizvozvo. "Kana kuti ndinofanira here kuita *izvi, izvo*?" Zvino, izvozvo zvinofanira kutobva kuna Mwari. Maona, Mwari anofanira kutiudza izvozvo. Asi izvo zvinofanira kuuya kubudikidza nomune imwe shumiro, nokuti Shoko hariti "Regai Orman Neville abve paBranham Tabhenakeri aende kuFort Wayne Gospel Tabernacle." Munoona, hapana pazvinodaro muShoko umu, munoona, saka ndizvo zvakaitirwa zvipo izvi.

46 Somunhu akauya pano akati, "Munotenda here mukupodza kwaMwari?" Tinozviparidza izvozvo, tinozvitenda, tinotenda mukuzodza, mafuta.

47 Asi pane mumwe munhu pano anoti iye "Haakwanisi kupinda mune zvomweya, dambudziko chii?" Ipapo zvinotora Mwari, nomundimi, nokududzira, nomukuporofita, kana imwe nzira yokupinda pakadzika muhupenyu hwemurume uyu kwava kundodzumbunura chinhu icho chaakaita, kwava kumuudza pamusoro pacho. Iyoyo ndiyo shumiro isiri yomufundisi, ndeyezvipo izvi zvinoshumira, asi hazvifaniri kuitwa mukati umo muungano. Maona?

48 Zvino, Pauro haana kana nguva imwe chete yaakambotaurira—yaakambotaurira chechi yeEfeso chimwe chinhu zvacho pamusoro paizvozvo, vaitevera hurongwa saizvozvo, chechi yokuRoma, kana imwe yedzimwe chechi idzo; chechi yeKorinte bedzi, uye havana kumbokwanisa pachavo. . . Zvino, Pauro waitenda mukutaura nendimi. Muchechi yeEfeso waiva nevaitaura nendimi, sezvaaivazve nezvakadaro muchechi yeKorinte, munoona, asi waigona kutaura zvinhu zvikuru kuVaEfeso kupfuura kungotaura nendimi, kududzirwa kwendimi.

49 Zvino, kana mumwe munhu akanyora shoko rapiwa nendimi kana kuti rapiwa mukuporofita, akariisa pamusoro papuratifomu, rinofanira kuverengwa nomufundisi sevhisi isati yatanga, ye "ZVANZI NAJEHOVHA" kubva kuvanhu ava vataura nokududzira. Uye kana zvikaitika nomazvo sezvataurwa nedudziro, tinosimudza mavoko edu totenda Mwari nokuda kwoMweya waKe uri pakati pedu. Kana zvikasaitika, ipapo musazvidzokororazve kusvikira mweya wakaipa iwoyo

wabuda kubva mamuri. Mwari haanyepi, Anogara achingova chokwadi.

50 Zvino, munoona, makura zvakakwana kuti muzvibate sevarume, kwete vana ("guu, guu, guu"), munofanira kuva nechinhu chine zvachinoreva.

51 Regai chechi zvino, pairi kupinda muhurongwa, isvike pahurongwa *uhwu*. Kana mumwe akaporofita . . . Kana pakauya mumwe pakati penyu, asina kudzidza, imi mukataura nendimi, munozova mipengo pamberi pake, haazivi zvamunenge muchitaura pamusoro pazvo. Maona? Uye zvamazvirokwazvo muzuva rino umo makaita nyonganyonga yakanyanya pamusoro pazvo, chinobva chava chigumbuso. Asi regai mumwe ataure nendimi, uye mumwe odudzira nokupa shoko, uye regai zviverengwe kubva papuratifomu pano, zvezvichaitika, uye mirirai kuti zviitike, moona zvichaitika. Vataurirei kuti "Mangwana pane *imwe* nguva, kana kuti vhiki inouya pane *imwe* nguva, pachaitika *chimwe* chinhu," zvino regai asingatendi wakagara ipapo achizvinzwa izvozvo oona kuti zvakafanoporofitwa zvisati zvaitika. Ipapo vachaziva mhando yomweya uri pakati penyu, unenge uri Mweya waMwari. Ndizvo zvakataurwa naPauro, "Zvino kana mumwe akaporofita nokuzarura zvinhu zviri pakavanda, vungano yose haingawiri pasi here, kana, uyo asingatendi, ogoti, 'Mwari uripo pakati penyu'?" Maona? Nokuti hazvigoneki kuti . . .

52 Asi zvino hatidi . . . "Patakanga tiri vana," Pauro wakati, "Ndakaita somwana," akaudza VaKorinte ipapo, "Ndakataura somwana." Wakanga aine pfungwa yomwana. "Asi pandakava munhu mukuru, ndakarasira kure zvinhu zvehuhwanana."

53 Zvino, ndiri kukutaurirai mose, munoona. Zvino, makore mashoma apfuura, makanga muri vana muine zvipo izvi, muchitamba nazvo uko nokuku. Asi maenda kuchikoro nguva refu zvino, yava nguva yokuti muchiva varume, kwete kuti muchitamba nezvizvi. Zvipo izvi, zvakayereswa, ndezvaMwari, uye hamugoni kutamba nazvo. Ngatiregei Mwari azvishandise. Ndizvo zvaunoda kuti shumiro yako ive. Ndiyo nzira yatinoda kuisa Branham Tabhenakeri mukushumira. Uye—uye kana pane zvizvi pakava nemubvunzo, nguva ipi zvayo, tepi ino ngaimire sechapupu chokuti izvi ndiyo nzira yazvinofanira kuitwa nayo muBranham Tabhenakeri.

54 Kana pakava nomuenzi anouya muno, nokuti munavo nguva dzose, sezvo ino iri tabhenakeri inosanganisa masangano ose, pane vanhu vanouya muno vanenge vasina kudzidziswa uku kwakanaka, havanako, havana zvimwe zviri nani zvavanoziva. Uye kumufundisi wavo, vanotosvetuka vodimbura mharidzo yake, nokudimura kudaidzwa kwevanhu kuaritari, vachitaura nendimi nezvimwe zvose zvakadaro. Imi muri vanhu vakadzidziswa zviri nani kupfuura izvozvo. Maona?

Zvino mushure mesevhisi, kana akasaterera, ipapo yava nzvimbo yemadhikoni kuenda kwavari. Musarega mufundisi wenyu achindoita izvozvo kunze kokunge patosvika pokuti hapana mudhikoni pano, asi mudhikoni ndiye anofanira kuona nezvazvo. Maona?

55 Zvino, mushure mesevhisi . . . Kana munhu akangosimuka akapa shoko, kana mufundisi, achida kumbomira kwekanguva ozoenderera mberi, zvakangonaka, munoona, zviri kumufundisi. Asi ipapo regai mudhikoni, munhu iyeye asati abuda muchechi, amutore parutivi otaura naye pamusoro pazvo.

Kana akava nemubvunzo pazviri, muunzei patepi ino momuti, "Izvi ndizvo zvakabva kumubhishopi, kana kuti, mutariri wechechi . . ." (Anova *bhishopi*, iye . . . wese zvake mutariri, munoona, ndizvo zvaanodaidzwa muBhaibheri, "hubhishopi," munoona, saka ndiye mutariri wezvose wechechi.) "regai . . . iyi ndiyo mirairo nenzira yazvinoitwa muchechi yedu. Zvino, tinoda kuti muuye mugopa shoko renyu. Asi kana mune shoko rabva kunaShe uye riri . . . ngaripiwe, mouya naro pano roiswa pano papuratifomu, mushumiri wedu oriverenga kuvungano, riri shoko kuungano ino."

Asi harifaniri kunge kuri kungodzokorora Magwaro, nezvinhu zvakadaro. Rinofanira kuva shoko rakananga kuvanhu, rechimwe chinhu chava kuda kuitika, kana chimwe chinhu chavanofanira kuita. Zvanzwisisika here? Zvakanaka.

Zvino, pane imwe nzira here iri nane yokuchengetedza hurongwa muchechi inopfuura kuramba tichingorangaridza vanhu noku—nokudzokorora kunobva kumadhikoni pazvakafanira?

Kwete, izvozvo, ndizvo zvandichangobva kutsanangura. Uyu mubvunzo wechitatu.

56 Madhikoni, basa renyu kuchengetedza hurongwa muchechi, nemutsa uye zvine ushamwari. Uyezve munofanira, kana mumwe munhu akabuda muhurongwa muchechi, kana kupinda muno sokuti akadhakwa, kana mumwe munhu akapinda muno.

57 Sezvavakapfura mushumiri uya kubva papuratifomu husiku huya kumusoro uko. Makanzwa nezvazvo, kuti chidhakwa chakapindamo chiine chifefe chine miromo miviri. Chakadanidzira chichida mudzimai wacho, uye—uye chaida mudzimai wacho, ndokubva chaenda chakananga mufundisi. Mufundisi akamuratidza mudzimai wacho akanga akagara apo, asi wakanga achizopfura mudzimai uyu imomo muchechi chaimo, mufundisi ndokubva atanga kuonesana naye. Uye pachinhambo—pachinhambo . . . Mu—murume uyu aive nechifefe akatendeuka ndokupfura mufundisi papurupiti, ndokupfura mudzimai wake, ndokuzozvipfura iye pachake.

58 Zvino, dai pakanga paine boka ramadhikoni ipapo murume uyu paakapinda napamusuo aine chifefe, vangadai vakaita

mutsimba naye, nokumutorera pfuti kubva muruvoko rwake. Maona? Munoona, ndiwo—ndiwo madhikoni anoita zviri muhurongwa. Uye zvino, zvinhu izvi zvafamba nenzira yazviri kuita iko zvino, uye mungangotarisira chero chinhu chipi zvacho. Asi, rangarirai, madhikoni mapurisa aMwari muimba yaMwari, zvisinei kuti ani anofungei. Dzimwe nguva mupurisa haadi kuenda kunosunga mumwe munhu, pamwe ndomumwe weshamwari dzake, asi wakapika achipinda muhofisi iyi, anotofanira kuzviita zvakadaro. Ndiro basa rake kuguta rake. Maona?

59 Ndiro basa romudhikoni kukereke. Kana mumwe munhu akasvetuka akatanga kukanganisa mufundisi zvaari kuita, kana kuti chimwe chinhu chakaita saichocho, ipapo mufundisi ari mumharidzo yake, madhikoni anofanira kuenda kuvanhu ivavo, vaviri kana vatatu vavo, voti, "Tingataurawo here nemi, hama?" Maona? Mutorei kubva muchechi, moenda naye muhofisi, *umu* kana imwe hofisi, motaura naye pamusoro pazvo, muchimuti, "Haufaniri kukanganisa zviri kuitwa." Munoziva, i—ifaindi huru pamurairo kukanganisa sevhisi saizvozvo. Maona? Asi vamwe vanhu, semunhu ane musakanzwa kana zvakadaro, akauya pakati penyu, munoziva, uye—uye mupengereki pane zvokunamata, aka—akatanga kungoenderera mberi, ipapo madhikoni . . . Uye kana—uye kana madhikoni akaita seari kutadza kuzvidzikamisa, ipapo boka rematirastii kana mumwewo zvake munhu muchechi anogona kusimuka obatsira munhu iyeye. Munozviziva izvozvo.

60 Uye—uye zvino regai ndibvunze mubvunzo uyu zvakare pano.

Pane nzira iri nani here yokuchengetedza hurongwa muchechi inopfuura kurangaridza vanhu zvichibva pakudzokorora kunobva kumadhikoni, zvino, pane dzimwe nguva?

61 Zvino ndinofunga kuti mu—mufundisi, pano neapo . . . Kana kuti anoridza tepi ino, achiita kuti izvi zvimire sechapupu. Madhikoni mapurisa, uye shoko ravo murairo uye zvinotofanira kuitwa. Maona? Uye vane simba iroro kubva kuchechi uyevo nokumirairo yenyika kuti vaite kuti imba iyoyo yaMwari ive nzvimbo yakafanira. Uye munhu upi zvake akapesana nomudhikoni saizvozvo, wazviisa pamutongo we—wemakore maviri kusvika gumi mutirongo. Kana mukavaudza kuti vachienda ivo vakasadaro, kana zvimwe zvakaita saizvozvo, akava mumwe munhu ane mazvibatiro ari kunze kwehurongwa, ari kungoratidza chete kuti haasi kuziva zvaari kuita . . . Ari kuzviisa pasi, nokuzvikoromorera mhando dzose dzefaindi, chero.

62 Uyezve kana zvikasvika pokuti mumwe munhu . . . Zvino, sezvakaita . . . Uye kana mumwe munhu akasvetuka akabuda

muhurongwa . . . Tomboti pamwe wataura nendimi kana chimwe chinhu, handingapindiri pane zvakadaro. Munoona, regai aende, nokuti muenzi. Kana vari vanhu vedu, ingoregai, manheru anotevera, imi madhikoni ingotorai tepi ino, moti, "Zvino, tava kuridza tepi yehurongwa hwechechi tisati tatanga sevhisi, ndinoda kuti munhu wose ainzwisise." Uye imi vafundisi nemi mose munogona kushanda pamwe chete saizvozvo.

Zvino, Hama Branham, ko pamusoro peSunday school? Hama Branham, pamusoro peSunday school (zvakanaka), **inofanira here kuitwa sevhisi yokuparidza isati yaitwa?**

63 Hongu, ndizvo zvatagara tichiita saizvozvo. Itai Sunday school sevhisi yokuparidza isati yaitwa. Uye izvi zvinopa mukana kune vechidiki vanoenda kuSunday school, kuti vasunungurwe kubva kumaclass avo. Uye kana—uye kana vachida . . . uye vechidiki havazvinzwisisi, kana vachifanira kugara nguva yose musevhisi yokuparidza ipapo vozoita Sunday school, vechidiki ava vanenge vatoneta. Regai Sunday school itange, mova nenguva yakatemerwa, ingovai nenguva imwe yakatarwa apo Sunday school painopinda. Superintendent weSunday school anofanira kuona kuti zvadaro, kuti Sunday school yapindwa pane imwe nguva, nguva yakatarwa. Uye vobuda pane imwe nguva. Yose Sunday school, ngaipiwe nguva yakawanda zvakadai, vozobuda.

Mudzidzisi weclass yevakuru anogona kuva here mumwe munhu asiri mufundisi?

64 Kana zviri izvo zvatenderanwa. Kana mufundisi achida kudzidzisa Sunday school ozounza shoko mushure, zvakanaka uye zviri mugwara kana achida kuita sevhisi mbiri. Asi kana asingadi, saka ivai nemudzidzisi weSunday school yenyu yavakuru, munoona, weclass yenyu yevakuru. Uyezve kana—kana mufundisi aine mumwe munhu mupfungwa dzake, uye munhu uyu achida kuzviita, zvipei maminitsi makumi matatu, kana nguva ipi zvayo yamuchatendera Sunday school yenyu, makumi matatu kana kuti makumi matatu nemashanu, maminitsi makumi mana, chero zvazvingava.

65 Uye panofanira kuva nebhero rakamirira ipapo. Uye kana bhero iri rikaridzwa, zvinoreva kuti . . . kana kuti bhero rechechi, kana rikarira panze, rinenge richiti veSunday school vabude. Uye kana bhero iri rarira, zvinoreva kuti zvose zvinofanira kupinda muhurongwa ipapo.

66 Kana pakava nenguva yakakwana zvino yokuimba rwiyo rumwe kana mbiri, chero zvamuchazoimba. Kwete nguva yakanyanya kuwanda, munonetesa vanhu kana mukavagarisa nguva refu, maona. Uye ingoridzai bhero, moimba rwiyo nezvamuchaita, zvadaro mobudisa maclass enyu kuenda kunzvimbo iyo. Uye chiriporipocho kana nguva iyoyo yasvika, tomboti inenge iri pana—pana ten o'clock, kana kuti ten-thirty,

kana kuti ten-fifteen, nguva ipi inenge ichifanira, ridzai bhero iroro uye mudzidzisi wese anochifanira kubudisa class yake, vouya kuvungano kuno. Uyezve . . . Uye vopa ripoti, ripoti yeSunday school, vobudisa vose ava, uye regai vose vanoda kugarira sevhisi yokuparidza ive iyo inotevera. Munoona, ipapo zvinenge zviri muhurongwa.

Mubvunzo? Vangani . . . [Mumwe munhu anobvunza Hama Branham, **"Saka tinenge tava neclass yakakamurwa nepakati, nemamwe manzwi?"**—Mupepeti.]

67 O, hongu, munofanira kutodaro. Ane—ane makore matatu haanganzwisisi zvinogona kunzwisiswa neane makore gumi nemana. Ndinofunga ndinazvo izvi nechepamberi.

Panofanira kuva nemaclass mangani?

68 Munofanira kukamura maclass enyu moaita . . . Sezvakaita class duku inoda kushandisa flannelgraph, izvo hazvingamboiti kumukomana kana musikana wemakore gumi namana. Maona? Munofanira kuva nomumwe anodzidzisa class iyoyo yevanana vadiki, vamwe amai vakura kana mumwe anoziva kushanda navo. Mamwe maclass, ndinofunga kuti, anofanira kuva emunhu anoti kwanisei zviri nani kudzidzisa Shoko. Maona? Uye panofanira kuva nemaclass. Kuti nditi zvino, panofanira kuva neclass yokubva pa . . . Kana ashomekesa maclass matatu.

69 Panofanira kuva neclass yevanana, panofanira kuva neine vane makore angangoita mashanu. Uye vose vari pasi paiwawo vanofanira kuchengetwa naamai, uye vondoiswa munogara vana pazvinenge zvakafanira panguva ye—yekuparidza, kana vakatanga kunetsa. Ndizvo zvakaisirwa kunochengeterwa vana kunze uko.

70 Uye ndinofunga kuti ma—maclass anofanira kurongwa sokuti evana vadiki vane makore anenge mashanu kana matanhatu, kusvika pamasere kana mapfumbamwe, gumi, zvakaita saizvozvo. Uye kubva pamakore gumi kusvika pagumi namashanu vopinda muclass ye—yevakomana nevasikana. Uyezve class yevakuru yova inopfuura makore gumi nemashanu, nokuti ivo . . . nokuti kana vakura zvoku—zvoku . . . mazuva ano vanotogona kuwana basa uye vari kuda kuvhota pazero iroro, ndingangoti; saka ivo—ivo vanofanira kukwanisa kunzwa Shoko, asi vanozobuda vouya muchechi chaimo kuti varinzwe.

Ndivanaani vanofanira kuva vadzidzisi?

71 Hezvinoi, zviri kwamuri imi kuvhotera vadzidzisi venyu. Uye munofanira kuita izvozvo, movaisa imomo, wanai mumwe munhu. Uye musangane nechechi, mugoti, "Ndiani . . . Ndiani pano anonzwa kutungamirirwa naShe?" Uye mova nomudzidzisi anozvigona. Zvadaro itai kuti zviitwe. Zvinofanira kuitwa zvebasa chaizvoizvo, hama. Kana mudzidzisi asingakodzeri, pakadaro shandurai vadzidzisi.

72 Kana nguva ikasvika, pasi pokutungamirira kwaMwari, kana ndikanzwa sokuti Orman Neville haachakodzeri kuva mufundisi pano, ndinozvizivisa kuchechi. Kana ndikaona chimwe chinhu pano, ndikafunga kuti imi madhikoni hamuchakodzeri kuva madhikoni, ndinozvizivisa kuchechi, kuti, "Ndinoona kuti pane mumwe mudhikoni pano ari kuita zvimwe zvinhu zvaasingafaniri kuita, uye haagari pabasa rake," uye nezvakadaro saizvozvo, kana kuti mutirastii kana ani zvake. Handigoni kuvhota ndichipinza kana kubudisa, chechi ndiyo inofanira kuita izvozvo, asi zvamazvirokwazvo ndinofanira kuzvizivisa kuchechi. Munoona, nokuti ndizvo zvazvinofanira kuita. Ndizvo zvandinofanira kuva, somutariri, ndinofanira kutarira ndoona zviri kuitika. Tiri kuenda Kudenga, hatisi kunze pano apa kurally kana chimwe chinhu chokungozvifadza tichimhanyidzana, nokutamba baseball. Tiri pano takabata chinhu chine nyasha hurusa pasi rose, Shoko raMwari, uye rinofanira kuitwa zvine hurongwa hune humwari.

Ndivanani vanofanira kuva vadzidzisi?

73 Zviri kwamuri kuti muvasarudze. Asi ndingatora, kuitira vanana, ndingatora mudzimai mukuru, mumwe anogona kuita izvozvo. Asi kana vava vakomana navasikana, ndingatora mudzidzisi asingaiti zvokutamba, asingangobudi kunze uko kundogocha sochisi. Zvingava zvakanaka kana vachida havo kuenda kundogocha sochisi, asi chingoisai chinhu chose panaizvozvo . . . Zviisei paShoko, ngaave mumwe munhu anogona kubata Shoko. Uye zvichava, chechi ino haitsigiri . . . Kugocha masochisi kwakanaka, ne—netumapikiniki twamunoda kuungana pamwe chete muchiyanana, izvozvo zvakanaka, ndizvo—ndizvo zvamunofanira kuita kuti mutandadze vana. Asi munzvimbo ino *muno*, rino iShoko raMwari. Kugocha masochisi ndeapo pamunoungana, kana chimwe chakadaro, asi kwete muimba ino yaMwari. Uye izvi zivai, nokuti tinoziva kuti hatitendi muupenzi uhwu hwe—hwe—hwemapati nezvimwe zvose zvakadaro mumba muno, isu—isu . . . munoziva zviri nani kupfuura izvozvo.

Ndiani anofanira kuva mukuru weSunday school kuti aichengetedze iri muhurongwa hwakanaka?

74 NdiSunday school superintendent. Zvino iroro ndiro basa rake. Haafaniri kuva nechokuita namadhikoni, matirastii, vafundisi, kana mumwe munhu upi zvake, ane hofisi yake pauzima. Zvokuti ndiani mudzidzisi weSunday school yenyu, handimuzivi. Asi mudzidzisi weSunday school uyu anofanira kuona kuti class yoga-yoga iri munzvimbo yayo, uye kuti mudzidzisi woga-woga aripo, uye kutsiva nomumwe mudzidzisi kana mudzidzisi iyeye asipo pazuva iroro.

75 Zvino Svondo isati . . . Apo zvi—zvidzidzo zvinenge zvichienderera mberi, superintendent weSunday school

anofanira kuenda ikoko otora mupiro wavainawo ikoko (mupiro weSunday school), uye ogadzira ripoti yokuti vangani vanga varipo, vanga vane maBhaibheri mangani muclass iyi, uye zvakadaro, ogoita ripoti pamusoro pazvo. Uye omira mberi kweungano sevhisi yokuparidza isati yatanga, paanenge apuwa mukana wokuita izvozvo, pavanenge vaine ripoti yeSunday school mushure meSunday school, otaura kuti panga pane vadzidzisi vangani, vangani vauya, uye kuti vangani kubva mukubatanidzwa kweSunday school yose, wose—wose mupiro wapiwa, nezvakafanana naizvozvo. Madhikoni, matirastii, vafudzi, havafaniri kuita izvozvo. Havana chokuita mune izvozvo, iroro ibasa rasuperintendent weSunday school.

76 Uyezve kana akaona kuti Sunday school ine zvimwe zvinhu zvainoda, ipapo anozvizivisa ku—kuboka rematirastii, ipapo matirastii vanoita musangano waizvozvo, kutanga. Uye zvino kana matirastii, kana vakaona kuti pane mari yakakwana nezvimwe, vavhunza mubati wehomwe, zvino izvozvo zvinogona kutengwa; kana achida zvimwe zvinhu zvokuverenga, kana kuti chingava chii, kana kuti maBhaibheri kana zvimwe, vachida kutenga Bhaibheri rouya, munoziva, uye anogona kukurumidza kuwana mashoko mazhinji nokutaura nomusoro Magwaro mazhinjisa, mubairo kana chimwe chinhu chokumupa saizvozvo, chipo, uye vachida kutenga chinhu ichi nomuchechi. Ipapo izvozvo ngazviziviswe kuma—kuma—kuma—madhikoni . . . uyezve regai ivo vaone kana—kana—kana mune mari muhomwe. Maona?

77 Uyezve ndinofunga kuti izvi zvinopindura mivhunzo mishanu pana izvozvo.

Zvino pane unotevera, ndouyu:

Hama Branham, tichiremekedza hurongwa hwechechi, takaedza kutevera zvatakanzwisisa pahurongwa hwakapiwa pakukumikidzwa kwechechi itsva. Zvino tichiita izvozvo, vamwe vakatipopotera vakabva pachechi. Uye vamwe havambotereri kana chinhu chimwe chatinotaura, kunyanya vana. Takataura navabereki pamusoro pevana vavo, asi havamboiti hanyn'a navo. Zvino, takatadza kunzwisisa here? Kana kuti, tiri kuzviita here nenzira isiri iyo? Ndatenda.

Zvino regai ndipindure izvi ndichidzika nazvo.

Tichiremekedza hurongwa hwechechi, takaedza kutevera zvatakanzwisisa pahurongwa hwakapiwa pakukumikidzwa kwechechi itsva.

78 Zvino, izvozvo ndizvo, muri kuita zvakarurama. Zvino, ava vanofanira kuva madhikoni, ndinofunga kudaro, nokuti ndepano, iri ndiro basa chairo romudhikoni. Zvakanaka.

Zvino tichiita izvi, kakawanda taka . . . vanhu vakatotipopotera kazhinji.

79 Vanodaro kwandiri, zvakare! Vanodaro kumunhu upi zvake. Maona? Munhu anodaro, pane chakakanganisika pamunhu iyeye. Havasi kufamba zvakanaka naMwari, nokuti Mweya waKristu unozviisa pasi pedzidziso yaKristu, muimba yaKristu, hurongwa hwaKristu. Maona? Uye murume wose ano . . . kana mudzimai, kana vanhu vapi zvavo, vana, vanotsamwira mudhikoni ane humwari anovaudza kuti va . . . uye, kana mubereki upi zvake angatsamwira mudhikoni . . . Zvirokwazvo, tinoda munhu wose ari muchechi ino watinogona kuva naye; asi kana izvozvo zvichikonzera dambudziko kune imwe nzvimbo, pane munzwa kana kuti "zambiringa munyemba," semataurirwo ataizviita. Munhu iyeye haana kururama.

80 Kana vakabva, pane chinhu chimwe chete bedzi chokuita: regai vaende, uye vanamatirei. Maona? Ipapo zvichida vamwe vamadhikoni vanogona kuenda kwavave kuenda kuche- . . . ,kana kuti, kuenda kumba kwavo pane imwe nguva, vondobvunza kuti sei vakabva, uye vovabvunza kuti chii chakakanganiswa. Ipapo, kana vaka . . . Voona kuti vanogona here kuvayananisa. Kana vakakundika, vanotora zvapupu zviviri kana zvitatu, kuitira kuti vanzwisisike. Zvino kana vakatadza kunzwisisika, zvinozobva zvaziviswa kuchechi kana ava vari nhengo dzechechi ino. Zvino vano . . .

81 Uye zvino kana vasiri nhengo dzechechi ino, hongu havasi nhengo dzeungano ino, vanofanira *kuitwa* kuti vave vanotungamiririka. Munoona, vano—vanofanira kuterera kune zvatinoraira pano, nokuti iyi ndiyo mirairo yechechi. Izvi ndizvo zvinhu zvatisingadi kuita, zvinhu zvandisingafarire kuita, asi zvinhu zvinofanira kuitwa. Uye ndiri kuzviisa pachena: uye muvaudze netepi ino, ndini, vanogona kundinzwa ndichitaura vagoziva kuti ndini, kwete imi varume. Mabvunza *ini* mibvunzo iyi, uye ndiri kukupindurai sokuzivisisa kwose kwandinoita kubva muShoko raMwari.

82 "Zvino, kana vanhu avo vakatsamwa vakabva pakati penyu, ko Magwaro anoti chii pamusoro pazvo, Hama Branham?"

83 "Vakabva pakati pedu nokuti vakanga vasiri vedu." Uye inobva yaperera ipapo nyaya yacho. "Vakabva pachechi," ndizvo zvavakaita. Zvakanaka.

Vamwe havatereri zvatinovataurira, kunyanya vana.

84 Vana vanofanira kuziva kuzvibata, izvozvo vanofanira kuzvidzidza kubva kumba. Asi kunyange kana vari vangu, vana vangu vakapinda muno pane nguva ipi zvayo, vakatanga kuita zviri kunze kwohurongwa, handidi kuti muvapembedze kana kamwe chete; Sarah, Rebecca, Joseph, Billy, kana ani zvake waangava. Ingondiudzai, ndinoona zvokuita pamusoro pazvo. Kana vasingagoni kuzvibata zvakanaka, nokudaro vanofanira kusauya kuchechi kusvikira vadzidza mazvibatiro akanaka. Muno hamusi munhandare yebhora, ino imba yaMwari. Ino

haisi nzvimbo yokutambira, nokuita mutserendende, nokunyora tutsamba, nokuseka, nokuita chikwee, ino imba yaMwari; uye zvinoitwamo zvinofanira kuitwa nohumwari.

85 Munouya muno kuzonamata, kwete kuzoshanya. Ino haisi—ino haisi nhandare yepikiniki, ino haisi nzvimbo yokushanya; ino inzvimbo yokushanyirwa noMweya Mutsvene, yokuterera zvaAnoda kutaura, kwete mumwe kune mumwe. Hatiuyi pano kuzoyanana mumwe nomumwe, tinouya pano kuzoyanana naKristu. Ino imba yokushumira. Uye vana vanofanira kunge vakadzidziswa mazvibatire, uye kana vaka . . . nevabereki. Ngazvizikanwe izvi! Kuti kana madhikoni awa . . . Kana vabereki ava vevana vakatadza kuterera zvinotaurwa namadhikoni awa, zvino vabereki ndivo vanofanira kugadziriswa pachavo.

Takataura nevabereki pamusoro pevana vavo, asi havasi kuita hanya navo.

86 Kana vari nhengo dzechechi ino, ipapo munofanira kutora vamwe vaviri kana vatatu modaidza mubereki iyeye mumusangano wenyu moga, mune imwe yamahofisi. Handina basa nokuti ndiani, kana ndirini, kana vari Hama Neville, kana ari Billy Paul nemwanakomana wake mudiki, kana vari Hama Collins nomumwe wevana vavo, kana ani zvake wevamwe venyu. Tino . . . Tinodanana, asi takasungirwa kuna Mwari nokuShoko iri. Kana ari Doc, uye . . . hazvina mhaka kuti ndiani, tinofanira kudaidzana tova takatendeka mumwe kune mumwe. Ko Mwari ungashanda nesu sei, kana tisina kutendeka mumwe kune mumwe? Tichazotendeka kwaAri sei? Maona?

87 Uyu murairo, tinofanira kuchengetedza imba yaMwari! Uye madhikoni anofanira kuziva kuti izvozvo anozviita sei. Maona? Uye ndicho chikonzero ndichikuudzai zvino, kuti muchengete zvinhu izvo panzvimbo. Uye kana izvi, mukaudza vabereki ivo vakasaterera izvi, vakasazviterera, zvino tora mumwe mudhikoni kana mumwe wematirastii, kana mumwe munhu wakanaka wechechi ino, uye modaidza . . . motora mutiras- . . . Moungana boka ramadhikoni, imi madhikoni mose pamwe chete, moti, "Hama Jones, Hama Henderson, Hama Jackson," kana kuti angava ani, munoona, "vana vavo vari kuita misakanzwa, uye takavaudza ruviri kana rutatu pamusoro pevana vavo, asi havasi kuterera."

88 Ipapo danai Hama Jones vauye, kana Hama *Hameno-kuti-ani*, movati, "Hama Jones, takudanirai muno kumusangano. Tinokudai, uye isu . . . muri chikamu chedu, muri mumwe wedu. Zvino regai ndiridze tepi iyi titerere kuti Hama Branham vakati kudini pamusoro pazvo, munoona. Zvino, takakukumbirai kuti muite kuti vana avo vazvibate. Maona? Kana vasingazvibati, uye imi musingagoni kuti vazvibate muchechi, vasiyei vakachengetwa nomumwe munhu imi pamunouya kuchechi

kusvikira vadzidza mazvibatiro muimba yaMwari." Maona? Asi uyu murairo, unotofanira kutevedzerwa! Maona?

Zvino, mumwe mubvunzo unoti.

Zvino, takatadza here kunzwisisa?

89 Kwete, changamire. Hamuna kutadza kunzwisisa, izvozvo ndizvo chaizvo. Ndiri kutaura zvakare, mirairo yacho. Muhondo, havakukumbiri, "*Ungaenda* here kundoita chinhu chakati-chakati?" Kana uri muhondo, *unomanikidzwa* kutozviita. Maona? Uye ndizvo zvazvakaitawo mu . . . Ndinotomanikidzwa kuparidza Evhangeri. Ndinomanikidzwa kumira neZvizvi zvisinei kuti vamwe vanhu nehama vanoti chinyi pamusoro paZvo, ndinomanikidzwa kuti ndiite izvi. Ndinofanira kurwadzisa manzwiro evanhu nokucheka vanhu kuita zvidimbu-zvidimbu, asi kana ndika . . .

90 Haudi kuita saOswald. Maona? Kana usingagoni kupokana nemunhu nezvimwe, womukwazisa ruvoko rwake uye uchingoramba une manzwiro mamwe chete kwaari, zvikasadaro pane chakakanganisika newe. Kana ndikatadza kupokana nemunhu (zvakaomarara, kubva kudivi rimwe kuenda kune rimwe) uye ndichikwanisa kuramba ndichingofunga pamusoro pake se—sezvingaitwa naKristu, zvikasadaro pane chakakanganisika pamweya wangu, handina Mweya waKristu. Maona?

91 Kana iye akati, "Zvakanaka, Hama Branham, ndi—ndinotenda kuti dzidziso yenyu yakamira *sezvizvi, sezvozvo*."

92 "Zvakanaka, hama, ngatigarei pasi titaurirane, iwe neni. Tinoitora nyaya yacho pachedu. Tichapinda muimba iyo tiri toga, totaurirana pamusoro pazvo." Zvino iye anondigura-gura achindiita zvipenga-zvipenga, uyewo ndine zvandinofanira kutaura ndichimupindura. Ini kana mumwoyo mangu ndisingakwanisi kuramba ndichinzwa manwziro ekare pamusoro pake, kuti "iye achiri hama yangu uye ndiri kuedza kumubatsira," kana zvikasadaro handizombokwanisi kumubetsera, hapana kana nzira ipi zvayo yokuti ndimubetsere. Kana ndisingamudi, pane chikonzero chei chokuendako? Ndinotofanira kumuudza, "Chokutanga, Hama, handikudii, uye regai nditange ndabvisa izvi kubva mumwoyo mangu tisati tapinda mukati umo, nokuti handigoni kukubetsera kusvikira ndava kukuda."

93 Uye ndizvozvo, uye ndiyo nzira yacho. Munoona, maita saizvozvo, munenge maita zvakarurama nomazvo, ndiyo nzira yazvinofanira kuva. Hamuna kumbotadza kuzvinzwisisa.

Tiri kuzviita here nenzira isiri iyo?

94 Kwete, ndiyo nzira yakarurama yokuzviita nayo. Hurongwa ngauchengetwe! Nokuti zvinongogara . . . Zvino, vana vaduku namadzimai, vanana nevakadaro, vano—vanochema, uye

kana vakanyanya kuchema vakakanganisa mufundisi wenyu kumusoro uko, rangarirai, imi muri vachengetedzi vake, muri vachengetedzi vake muEvhangeri. Maona? Uye kana zvava kukanganisa mharidzo yaShe, zvino imi semadhikoni, makafanira kuitei? Zvakangofanana, nemunhu ari kutaura nendimi, wakasungirwa kudaro. Uye munhu anoparidza, wakasungirwa kuShoko, wakasungirwa kuzvinhu izvi. Mumwe nomumwe wenyu wakasungirwa kuhofisi, uye ndizvo—uye ndizvo chaizvo zvatiri—zvatiri pano kuti tiite.

95 Zvino, hatidi kuva pano nguva refu, uye ndinoziva kuti pane vandinofanira kusangana navo mumaminitsi mashoma anotevera, saka ndicha—ndichaedza kukurumidza sokukurumidza kwandinogona.

Hama Branham . . .

Pane mibvunzo mitatu, miviri pakadhi riri pano.

Hama Branham, chii chinofanira kugaroitwa pakutorera vanhu mupiro kubva kuchechi? Izvi zvinofanira kuitwa sei?

96 Ndinofunga kuti panotorwa mupiro muchechi kuti ugopiwa vanhu hazvifaniri kutomboitwa kunze kwokunge muchitoutorera mufundisi wenyu. Uye ndinofunga kuti kana mumwe munhu akauya pano achida rubatsiro, kana chimwe chinhu chakaita saizvozvo, chaka . . . Kana kuti mumwe munhu ane—ane chaanonyanyoda, sezvakaita mumwe wenhengo dzedu pano, weungano yedu, tomboti mumwe wehama dzedu, paine pavaita dambudziko; zvakanaka, ndinofunga kuti zvinofanira kuziviswa papuratifomu, uye regai mufundisi aite izvozvo, ndinofunga kuti ibasa rake kuita izvozvo; imwe hama inenge iine chinhu chainoda, regai azvizivise kuchechi, kana zvikada kutorwa nenzira iyoyo.

97 Kana ari mumwe munhu ane chaanoda uye—uye kana musingadi kutora mupiro wemunhu iyeye ane chaanoda, zvino mapoka ngaasangane pamwe chete vowirirana pane humwe huwandu hwemari yavanoda kupa kumunhu uyu kubva muhomwe. Asi kana homwe yakaderera panguva iyoyo uye vasingagoni kuita izvozvo, zvino mupiro unofanira kutorwa, zvakanaka, regai—regai ma . . . ngazvitauriranwe nebhodhi, vachiraira mufundisi, uye regai mufundisi akumbire chinhu ichochi. Ati, "Zvino, manheru ano (Hama yedu Jones, vakaita tsaona ya—yakaipisisa, imba yavo yakapera kutsva.), uye manheru ano, seMakristu, tiri kubatana pamwe chete, kuti mumwe nomumwe wedu avimbise zvaachaita kuti abatsire Hama Jones pakugadzira imba yavo zvakare." Maona, kana kuti—kana kuti hazvinei kuti chii. Munoona, tino- . . . tichadaro. Regai izvozvo zvitaurwe kubva papuratifomu, ndiyo nzira yokuzviita nayo. Uyezve zvavimbiswa izvi ngazvibhadharwe, uyezve zvopiwa kumubati wehomwe yechechi. Uye zvavimbiswa izvi ngazvibhadharwe nokunomubati wehomwe yechechi, uye

zvozopiwa kwavari. Uye—uye mupe munhu risiti yaizvozvo, nokuti handizivi kuti izvozvo zvinoderedza here mutero kana kuti kwete; ndinongofungidzira kuti zvinoitirwa zvakafanana naizvozvo.

98 Zvino, kana pava pa—pamunhu wakaita somuenzi akauya muno, muenzi akauya muno sokuti a . . . Murume wouya muno oti, "Zvakanaka, munombozivei? Ndi—ndi—ndiri parwendo zvino ndaputikirwa nevhiri rangu, zvino ndinoda vhiri idzva. Nditorereivo mupiro manheru ano nditenge vhiri idzva." Zvino, izvozvo hazvifaniri kuitwa. Kwete, izvozvo hazvifaniri kuitwa. Uye kana zvichiita sokunge—kana zvichiita sokunge chinhu chakakodzera, chomumwe munhu wamunoziva, bhodhi rinogona kusangana rotsaura chimwe chikamu chemari kubva kumubati wehomwe kuti vatengere murume uyo vhiri kana zvachingava. Kana kuti kana homwe yechechi yakadzikira, uye zvikasarudzwa nebhodhi kuti izvi . . . Mufundisi haafaniri kuva nechokuita mune zvizvi, ma—madhikoni ndivo vanofanira kuita izvi, munoona, kana mabhodhi. Uye zvino kana izvi . . . Kana zvatenderanwa, ipai mufundisi, mufundisi anogona kutora mupiro. Asi, cherechedzai, kana ari muenzi, pari pakumanikidzwa, munhu achida mari shoma uye muchinzwa kuti iri kuda kushandisirwa chinhu chine basa, (zvino uku ndiko kufunga kwangu), kana zvichiitirwa chikonzero chaicho chakarurama uye muchiziva kuti zvinoitirwa chikonzero chakarurama . . .

99 Zvino, chokutanga, kana mukakwira kumusoro uko mukanotarisa mumabhuku angu ari kumba, evanhu vanouya vachiti, "Ndini Reverend *Nhingi-nhingi* ndinobva kuchechi *yakati-ikati*, zvino nda—ndawirwa nedambudziko mumugwagwa pano, zvino ndi—ndinoda mavhiri akakwana," uye ndichiziva kuti ndichangobva kumusangano wandawana mupiro, kana chimwe chinhu chakafanana naizvozvo, ndinobva ndamupa, potse-potse yose zvayo, kuti aende anotenga mavhiri anokwana. Uye ndotarisa muzvinyorwa zvomusangano, hapana kana nomushumiri akafanana naiyeye, haana kumbogara munzvimbo iyoyo. Uye pane zvuru zvamadhora gumi kana makumi maviri zvakashandiswa pamabhuku mumakore aya izvo zvandakapa saizvozvo, ndisingambozivi chimwe chinhu pamusoro pavo kuti vanogarepi. Ndizozvibata mushure, vamwe vashumiri vava kuti, "Nemhaka yei, akandibhadharisa *zvakati-zvikati* ne*zvakati-zvikati*."

100 Zvino, chechi yakasungirwa, kune vayo bedzi. Ndizvozvo. Vayo, ndivo vayakasungirwa kwavari.

101 Asi kana paine chikonzero chakakodzera, uyezve kana imi, ivo, kana imi matirastii mukati, "Zvakanaka, mirai chinguvana. Murume uyu, uyo ari *apo*, mota yake ndiyo iyo iri zasi uko, ndeizvi, zvakaitika, ne*izvi*. Hazvisi zveungano yedu, munoona, asi ndezvayo." Uye kana vachida kuzviita nenzira iyoyo,

uye vachida kutaura chimwe chinhu chakatsaurwa pamusoro pomunhu wokunze . . .

102 Kwete kune wedu, zvino, munoona, kwete vanhu vedu, vanhu vedu vepano tinozviitira pano pane vavo—vavo, hama dzavo pano, munoona.

103 Asi kana ari mumwe munhu wokunze, uye munhu akati ane nzara kana kuti . . . uye paine munhu anoda hake kutora muhomwe yake achimupa kupa kwerudo, zviri kwamuri, asi apa ndiri kutaura pamusoro pezvinobva muchechi. Uyezve kana vanhu vechechi *vakakumbirwa* kuti vape zvavanokwanisa, ipapo . . .

104 Zvino, kana pane muvhangeri, ipapozve, ari muno achiparidza, zvino munotora . . . imi . . . zvanzwisiswa asati auya, munoziva, kuti muchamupa mupiro, kana kumubhadhara muhoro, kana zvaangada kuita.

105 Asi zvino kana munhu uyu ari pano, uye paine chikonzero chakarurama, uye mufundisi . . . zvino bhodhi kana rabvumirana zvino vanozoudza mufundisi pamusoro pazvo, ipapo regai mufundisi ati, "Tine munhu anonzi *nhingi-nhingi* pano, hatimuzivi, wauya achikumbira kuti isu . . . anoti iye vana vake vane nzara. Hatina nguva . . . hatina kuwana nguva yokufeya-feya zva—zva—zva—zva—zvaanotaura." Maona?

106 Kana paine zvakadaro, ipapo vedu—vedu . . . Kana paine chiripo pakati pevedu, madhikoni edu—edu vanofeya-feya zvakumbirwa zvacho. Maona? Zvino kana zvakakodzera, zvinobva zvaitwa. Kana zvisina kukodzera, musazviita, hamufaniri kudaro. Asi kana ari munhu pano, imi—imi regai mufundisi ati, "Zvino, boka ramatirastii randiudza kuti havazivi munhu uyu. Asi munhu uyu ari pano, anoti zita rake ndiJim Jones," kana kuti zvaringangova, "uye akatogara muno chaimo. Mungasimuka here, VaJones? Zvino, VaJones, panopera sevhisi, mumire pamusuo weshure apo, pakubuda. Zvino kana pane munhu anonzwa mumwoyo make, kana kuti chingava chinhu chipi chamunoda kuitira murume uyu, mumupe pamunenge mava kubuda." Zvanzwisisika here izvo, zvino?

107 Mazvitora here izvo pane yenyu? Kune avo vari pamatepi . . . Uye mumwe we . . . Hama Collins havana kuzvitepa. Ndinoda kudzokorora chitaurwa icho zvakare kana . . . nokuti ivo ndomumwe wamadhikoni.

108 Kana—kana paine chimwe chezvizvi, pakauya munhu muno uyo . . . uye ari pakumanikidzwa achida mupiro kubva kuchechi, regai matirastii kana madhikoni vasangane pamwe chete, uye regai . . . vaungane pamwe chete, vagotora sarudzo, vogoudza mufundisi kuti zvingangoitwa nenzira *iyi*. Regai ivo . . . Regai mufundisi ati "Murume uyu," vomutaura nezita rake, "hatimuzivi. Zvino maitiro edu ezvinhu pano ndeokutanga taferefeta tisati tatorera vanhu mupiro, uye, tiri kureva,

wevedu. Asi murume uyu ari pano, anoti haana mari, ari pakumanikidzika, vana vake vanorwara, iye, ari kuedza kutsvaga mushonga wevana vake," kana kuti chingava chii, chinomanikidza. "Zvino, akamira pano chaipo, Mungasimuka here, changamire?" Munoona, uye regai asimuke. Uye moti, "Zvino imi vanhu munoona . . . kuti ndiani. Zvino, patinovhara sevhisi murume uyu uchamira pamusuo watinopinda nawo, uye vanhu pavanenge vobuda, vanonzwa kuti vanoda kubatsira pane izvi, makasununguka; tangozvizivisa izvi muchechi." Hamusi kuti ngazviitwe saizvozvo, muri kungopa chiziviso bedzi. Munoona, ndiko kubata vaenzi zvakanaka. Maona? Mazvinzwisisa here zvino? Zvakanaka.

109 Ndinofunga izvi zvinopindura mubvunzo uyo.

> **Ko maererano nematepi?** Zvino. **Se . . . Ko maererano nematepi?** Pane chindabvunza. **Sezvazviri, vazhinji vari kunyorera kuhofisi uye vachikupomerai mhosva pamaitirwo epamatepi. Uyevo, pamusoro pavamwe vari kutengesa matepi pachechi, kana VaMaguire vachifanira kubhadhara mari pavanoatengesa.**

110 Zvakanaka. Matepi anoitwa nebvumirano. Uye kana ini . . . ini handizivi kuti ndiriini panopera bvumirano iyi, asi matirastii, izvi ndezvematirastii; kwete madhikoni, matirastii; kwete mufundisi, matirastii. Matirastii, panguva yakatemwa, vano—vanonyora bvumirano, semanzwisisiro andinozviita. Zvino kana izvi—izvi zvisirizvo, zvino matirastii vanondigadzirisa ipapa. Matirastii vanoita chibvumirano nemunhu ari kugadzira matepi, uye matepi aya anogadzirwa nemunhu apiwa kodzero yokuzviita.

111 Hapana mumwe munhu zvakare anogona kuita matepi kusiya kokunge abvumirwa nomunhu ane kodzero, uye haagoni kutengeswa kusiya bedzi zvatenderwa nomunhu ane kodzero, nokuti ndizvo zvinoreva murairo, munoona, nokuti ndizvo zviri mukodzero. Maona? Uye kana kodz- . . . uyo ane kodzero achida kurega *Nhingi-nhingi* achiita matepi, zviri kwaari. Kana achida kurega munhu wose achiita matepi, zviri kwaari; kana achida kuti munhu wose atengese matepi, zviri kumunhu uyo muridzi wekodzero. Anofanira kuva ne—nekatsamba kadiki kakasainwa kanobva kumubati wekodzero, kuti agadzire pamwe nokutengesa matepi, nokuti zvadaro anenge akachena pamurairo. Nokuti kana akasadaro, munhu iyeye, ane kodzero pazviri . . . Iwe unenge uine mungava, pachako, kune . . . (Kana pakava ne—nemunhu wakaipa anoda kukonzera dambudziko, anogona kunyatsozviita.) Ukadarikira kodzero iyoyo, nokuti zvakangofanana nekodzero pazvinyorwa, munoona, chinhu chimwe chete. Hamutenderwi kuzviita; ifaindi huru kuita izvozvo.

112 Saka kana vanhu vachiita matepi, pamwe vakapiwa mvumo naVaMaguire avo—avo vane . . . avo—avo vanowana chikamu panotengeswa matepi. Uye zvino . . . uye ini handizivi pamusoro paizvozvo, nokuti handisi pano nguva yakakwana nemi kuti ndizive zvinhu izvozvo, uye kuti zvinenge zvichitaura pamusoro paani. Ndinovimba kuti VaMaguire ndivo vachinayo, nokuti kunze uko, ndinenge ndiri kuCalifornia kana kuArizona, uko kwandiri, ndinonzwisisa kuti vachiri kungotenga matepi kubva kuCalifornia. Hama Sothmann, tezvara vaVaMaguire, inova hama yedu muno muchechi. Ndinofunga kuti VaMaguire ndivo vachinayo, iyo—iyo kodzero pazviri.

113 Uye zvino, paita kunyunyuta nguva yose iyi pakugadzirwa kwamatepi. Zvino, kana paine kunyunyuta pane chimwe chinhu pamusoro pezvemari dzechechi ino, matirastii vakasungirwa kuona kuti chinhu ichocho chagadziriswa. Maona? Hapafaniri kumbova, nenzira ipi zvayo, kumbova nechimwe chinhu.

Zvino munoona pano, pakadhi rino apa, panonzi:

Vari kunyorera kuhofisi vachikuwanirai mhosva.

114 Kutaura pachena, ndakagamuchira tsamba zhinji pamusoro pezvizvi, uye vachida kuziva kuti sei vasingapiwi matepi avo. Zvino imi munoziva wamune sungano naye uyo ane kodzero, sokunzwisisa kwandinoita . . . Matepi, ini—ini handidi kuwana chokuita nezvawo, pachangu, kana mumwe munhu achigona kushandisa matepi kuti Vhangeri riende mberi, "Ameni!"

115 Asi, chokutanga, Hama Roberson navamwe ndivo vakatanga kuagadzira, Hama Beeler nevamwe vavo vakatanga kuagadzira; uyezve vakomana ava vaviri, Hama Mercier neHama Goad, vakaagadzira kwemakore; uye, saizvozvo, kana mumwe nomumwe wevarume ava vaagadzira, pakava nekunyunyuta pamusoro pana vose. Asi, zvino uno zvinoratidzika sokunge, paita kunyunyuta kukuru pamusoro pokusawana matepi avo. Vanhu vakandifonera kubva munyika yedu kumusoro. Uyezve chimwe chinhu, ndechamatepi, anembenge akaiswa zvimwewo, anenge achiridza chimwe chinhu pane imwe miniti, uye oridza chimwe chinhu, zvino haungambonzwisisi zvaari.

116 Zvino, vanhu ava vachitenga matepi awa vanofanira kuwana tepi yakanyatsonaka. Handina basa nokuti vanofanira kuitei kuti vaiwane, tinoda kuona nezvevatengi vedu nehama dzedu (vanova vatengi vedu nehama dzedu, nevakadaro), vanofanira kuva netepi "A-nhamba-1." Zvino, imi matirastii onai izvozvo, kuti vanhu ava vakagutsikana. Kana vasina kugutsikana, mari yavo vanofanira kuidzoserwa chiriporipocho.

117 Uye mumwe munhu wakandifonera, achiti ava nemwedzi-nemwedzi akamirira matepi. Zvino, handizivi kuti Hama Maguire vanozvishanda sei izvi. Ini—ini handina chandinoziva pamusoro paizvozvo, sezvo ndisina chandinoziva pamusoro pazvo. Uye ini . . . Harisi basa rangu kuziva pamusoro paizvozvo,

ibasa ravo navo nematirastii. Uye handisi kuedza kupindira mazviri, asi ndiri kungokuudzai zvinotaurwa nomurairo pamusoro pazvo. Maona? Murairo wazvo ndewokuti matepi aya, kubvira panguva yavanoti vanoada, matepi anofanira kunge atova munzira kuenda mukati mezuva rimwe, kana matatu, kana mana, kana mazuva mashanu; mushure mokunge vati vanoada matepi, anofanira kunge atova mupositi kana kuti zvikasadaro kodzero iyi inogona kudzimwa panguva ipi zvayo kana mirairo iyi ikasatererwa. Maona?

118 Zvino, mwedzi mitanhatu yoga-yoga kana kuti gore, ichi chinofanira kunyoreranwazve patsva, chibvumirano ichi chinofanira kunyoreranwazve patsva. Munofanira kusangana *mumwe* musi unorehwa nekodzero iyi kuti munofanira kusangana. Uye zvinofanira kuva, kuti, vamwe vanhu vanofanira kuuya panguva iyoyo, uye munofanira kuzivisa vamwe vanga vachibvunza pamusoro pamatepi aya, mouya nebvumirano dzavo mogara pasi moita hurukuro.

119 Zvino, mirairo iyi inofanira kuti iitwe! Maona? Uye inofanira kuitwa zvakanaka, nokuti uku kunyunyuta. Vakanyunyutira Leo naGene, vakanyunyutira munhu wese, vakanyunyutira Hama Maguire, uye kuchazova kunyunyuta kuchinyunyutirwa mumwe munhu, asi isu ngatione kuti kunyunyuta kwavo kwakamira sei.

120 Zvino, kana matepi ave kutanga kuwanda, mabhokisi awo, tsamba dzinotanga kuuya dzakawanda, uye ivo... Munoona, hazvizonangi kune anogadzira matepi, zvinozonanga ini. Vanogara vachingondipopotera pamusoro pazvo. Zvino, ibasa rangu seMukristu kuona kuti vanhu vanopuwa zvavabhadharira, uye ndinoda kuti imi matirastii muone kuti vazvipiwa. Kana vachifanira kuwedzera mutengo, shandisai tepi iri nani, shandisai mushini uri nani, tinoda kuti munhu anogadzira tepi adzigadzire zvakanaka. Ndizvo zvatinoda. Tepi inofanira kugadzirwa zvakanaka! Uye mutengi anofanira kugutsikana, kana kuti motorega zvematepi zvachose, torega kuva namatepi, torega munhu wose anongoda zvake aaite. Asi kana achizotengeswa, ngavaone kuti vanopuwa zvavabhadharira, nokuti ichocho ndicho Chikristu. Izvozvo hazvipfuuri kuita...

121 Uye kana vauya pano kuzonzwa Evhangeri, ndinoda kuvapa zvakanyanyonaka zvandinoziva kuvapa, munoona, uye pavanouya pano ndinoda kuti muone kuti munhu wose nezvinhu zvose zvinofambira mberi. Ndicho chikonzero ndichikuudzai imi madhikoni, matirastii, nevafundisi, pano manheru ano, kuti muite nemazvo sezvazvataurwa, nokuti vanhu vari kuuya pano kuzosangana naMwari, nokudaro tinofanira kuva nezvinhu izvi zviri muhurongwa.

122 Uye matepi anofanira kuiswa panzvimbo yawo. Kana vachifanira kukwidza mutengo, kana vachishandisa matepi emhando yepasi pasi, pakadaro tengai matepi ari nani. Kana vachifanira kuwedzera mitengo pana iwayo, wedzerai mutengo pana iwayo, munhu ngaawane zvinoenderana nemutengo.

123 Ini handina basa nechikamu chemari yamatepi kana atengeswa, kana peni rimwe zvaro, uye Tabhenakeri ino haina basa nazvowo; handidi kuti muve nehanyn'a nazvo. Musava nehanyn'a nazvo, zve—zvechikamu chemari yatengeswa matepi. Kana vangabhadhara imwe, ndinofungidzira kuti munofanira kutora chikamu chidiki chemari yatengeswa matepi sezvo achigadzirwa pano. Ndinofunga kuti ndicho chimwe chinhu chavakataura, VaMiller, nevamwe, pamusoro pomurairo, wataive nawo, tinofanira kutora chikamu chemari yatengeswa matepi kana kuti zvakadaro. Zviri kwamuri imi mose kuona nezvaizvozvo. Ini handisi, kuzova nechokuita nazvo—nazvo izvo zvarongwa pamwe chete; imi mose onai zvekuita nezvazvo. Ini handigoni kuona nezvezvese zvazvo, ini ndiri kungokuudzai chete nzira yazvinofanira kuva uye neyazvinofanira kuitwa nayo. Kuti . . . Mazvinzwisisa, ini ndati "yazvinofanira kuitwa nayo." Saka tinoda izvi kuti zviitwe nenzira yakarurama.

124 Kana vachifanira kushandisa mushina uri nani kuita izvozvo, saka tengai mushina uri nani. Kana zvichifanira kuva . . . Zvino, ndakati kwavari, ndakati, "Wose musa- . . . kwandinofamba ndaenda kunze, ndisati ndaenda, ndinokuzivisai mharidzo dzandichazoparidza pamusoro padzo kunze uko, chimwe chinhu chandato . . . " Uye ndakakuvimbisai mose, izvo zvandichatepazve usiku hweSvondo, kuti "Ndisati ndaparidza mharidzo itsva, inofanira kutanga ichibva pano patabhenakeri, nokuti panoita sepane kutepa kuri nani." Munozvirangarira here izvozvo? Zvino pandinouya pano, kuzoparidza mharidzo dzangu, ndobva ndadzokera kunze ndozivisa munhu anoita matepi pamusoro pamasevhisi. Vanondibvunza, "Api acho? Chii chamuchaparidza nezvacho?" Ndakamuudza kuti, "manheru *aya* ndichaparidza pane *chakati-chikati*, uye manheru *ano, chakati-chikati*," saka vanogona kufanoziva uye vogadzirira mutengi kuti aawane pakare ipapo; vanenge vachitova nawo ipapo, tepi iri nani kupfuura yavanogadzira mumusangano wekunze, nokuti inenge yagadzirirwa pano patabhenakeri panobudisa ruzha zvakanaka. Maona?

125 Zvino, ndava kupinda mukuvhangera kukuru uku, pane zvandava kundoita mhiri kwamakungwa nekwakadaro, handigoni kuvimbisa kudaro, munoona, handingavimbisi kuti ndichaparidza mharidzo yangu yokutanga pano. Nokuti paunoparidza uchitenderera, idzo mharidzo, unofanira kuva nechimwe chinhu icho . . . Inopera simba kwauri, uye inotozongoperawo simba kune vanenge vachiiterera. Unofanira

kuita chimwe chinhu chakasiyana, munoona, wounza Mharidzo sezvairi *umo*. Asi regai vaise mushini pabasa kunze, kana zvakadaro, uyo uchagadzira matepi aya zvakanaka.

126 Uye wogadzira tepi yakanyatsonaka, uye tepi yoga-yoga ichimboridzwazve nokuongororwa isati yaenda, kana kuti totoregera basa racho rose; totoshaya zvachose chokuita nezvaro, toregera mumwe nomumwe achizvigadzirira tepi yake. Maona? Asi itai kuti zviitwe zvakanaka, munoona, kuitira kuti kunyunyuta uku kupere. Hatidi kunyunyuta zvachose. Kana paine kunyunyuta, ngatione zvokuita nezvako, kuitira kuti tikupedze.

127 Zvino, ndichakurumidza sokukurumidza kwandinokwanisa. Billy ane mimwe mibvunzo miviri pano, kana kuti mitatu, zvino tinobva tapedza.

Hama Branham, mudhikoni anokwanisa kana kufanira kusvika papi, pakuchengetedza hurongwa hwakanaka muchechi? Tinofanira here kuchengetedza hurongwa kana kuti tomirira kusvika Hama Neville vatiudza zvatinofanira kuita?

128 Harisiriro basa reHama Neville, iroro ibasa renyu. Maona? Hamuudzi Hama Neville kuti voparidza pamusoro pei, namaparidzirwo azvo. Munoona, iroro ibasa renyu, imi madhikoni, munofanira kuita izvozvo. Onai pamusoro paizvozvo. Izvozvo hazvisi zveHama Neville, ibasa renyu iroro. Maona?

129 Zvino, kana mupurisa kunze uko mumugwagwa akaona munhu achiba zvinhu kubva mubhutu remotokari, angadana here meya oti, "Zvino, Meya, Sakurema, changamire, ndiri kukushandirai pano apa muchipurisa; zvino, ndawana munhu mumugwagwa uko, anga—anga achiba mavhiri kubva mumotokari manheru apfuura; zvino, handizivi kuti, munofungei pamusoro pazvo?" He! Maona? Munoona, izvozvo hazvina musoro. Zvine musoro here? Kwete, changamire. Kana anga achiita zvisiri izvo, musunge.

130 Uye kana munhu anga achiita chimwe chinhu chisiri icho muno muchechi, kana ani zvake, mumisei, taurai naye. Musazvikakanyadze pakuita izvi; asi kana vakasakutererai, taurai nenzira yokuti vanoziva zvamuri kureva. Maona? Munoona, zvakafanana nokuudza mwana, uchimuti, "Famba uchidzokera uko," ipapo achiita musakanzwa. Madhikoni, garai panzvimbo yenyu! Isai. . . Pane vana venyu, vaviri ngavagare mberi uye vaviri vogara kumashure, pamakona awa kana kumwe kwakadaro. Uye munyatsongwarira, mipengo nevamwe vese vanogona kuuya saizvozvi, munoona. Uye ivai makarinda, uye garai pabasa renyu mugare ipapo, ndicho chigaro chenyu; kana kuti mirai makati kwati namadziro muchinyatsoona munhu wose achipinda.

131 Mudhikoni anochengetedza imba yaMwari. Mumwe munhu akapinda, taurai naye; ivaipo kumukwazisa, mumukwazise ruvoko rwake. Ndizvozvo, uri mupurisa, "Tingakuratidzai here imba inosiiwa mabhachi?" Kana kuti "Mungade here kugara pasi?" "Tingakupai here bhuku renziyo kana chimwe chinhu?" kana kuti "Zvino tinoda kuti mufare muri muno, uye—uye munamate, uye—uye tinofara kuti muri pano nesu manheru ano." Vatungamirirei kunzvimbo yavachanogara pasi, uye muti, "Munoda here kugara kumberi kana kuti kumashure kuno uku?" kana kuti kwavangada. Ndiko kubata vaenzi zvakanaka.

132 Mupurisa (kana kuti mudhikoni) mupurisa wemasoja, pakuremekedza, asi zvakadaro une masimba. Maona? Munoziva mupurisa wemasoja kuti chii, chaizvo-chaizvo, kana akaita kodzero dzake, ndinofunga wakangofanana nomufundisi wemasoja. Munoona? Ane ruremekedzo nezvose, asi zvakadaro une masimba. Munoona, munofanira kumurangarira. Munoona, anoisa . . . Anamambara ava vanoenda kunze vonodhakwa, handizvo, anovaisa panzvimbo yavo. Uye saizvozvo ndizvo zvinoitwa nomudhikoni anovaisa panzvimbo yavo.

133 Zvino, rangarirai, mudhikoni mupurisa, uye hofisi yomudhikoni inonyatsoomesa zvinhu kupfuura hofisi yese iri muchechi. Handina imwe hofisi yandinoziva inoomesa zvinhu kupfuura yomudhikoni. Ndizvozvo, nokuti ane—ane basa chairo, uye munhu waMwari. Munhu waMwari sezvakangoita mufundisi ari munhu waMwari. Ndizvozvo, zvaari. Muranda waMwari.

134 Zvino matirastii, basa ravo bedzi, vari pasi paMwari kuti vachengetedze mari idzo nokuchengeta izvozvo, nezvinhu izvo zvakafanana naizvozvo. Ndakuudzai pamusoro pamatepi, uye—uye nezvimwe zvinhu zvinoitika ipapo, pamusoro pechivakwa nekugadziridzwa kwacho, nokutora dzimari nezvinhu, ndizvo—ndizvo zvavari matirastii: zvinhu zvechechi, mari nezvimwe. Madhikoni haana chokuita pana izvozvo. Uye ma—matirastii havana chokuita nehofisi yemadhikoni.

135 Zvino, kana madhikoni achida kukumbira rubatsiro pane chimwe chinhu kubva kumatirastii, kana—kana kuti matirastii kumadhikoni, uye mose muri kushanda pamwe chete . . . Asi ayo ndiwo mabasa enyu, rimwe nerimwe. Maona? Zvakanaka.

136 Zvino, kwete, musakumbira Hama Neville. Kana Hama Neville vakakukumbirai kuti muite chimwe chinhu, zvino ava—ava ndivo mufundisi wenyu, noruremekedzo norudo nezvose . . . Kana vakati, "Hama Collins, Hama Hickerson, Hama Tony, kana mumwe munhu, mungationerawo here kuti chii chiri kuitika mukona umu?" Muri pabasa renyu saizvozvo, munoziva, somunhu waMwari chaiye.

137 Rangarirai, hamusi kushandira Branham Tabhenakeri, uyevo hamusi kushandira Hama Neville kana ini, muri

kushandira Jesu Kristu. Maona? Imi . . . Ndivo vamunoitira . . . Uye Ari—Ari kuremekedza kutendeka kwenyu sezvaAri kuita kumufundisi kana nokune munhu wese zvake, Ari kutarisira kutendeka kwenyu! Uye tinoda kuratidza kutendeka kwedu.

138 Zvino, dzimwe nguva zvinooma. Zvakandiomera kuona mushumiri akagara apo wandinoda nemwoyo wangu wose, kuti ndinofanira kutonyatsomuudza; munoona, asi nenzira yorudo, ndakatambanudza ruvoko kuti ndimubetsere. Asi, munoona, vanouya kwandiri voti, "Hama Branham, munongova munhu akaisvonaka, munodiiko kungorerutsa zvishoma parubhabhatidzo urwo, uye pane *ichi, ich*o, uye nechimwe *icho*, zvokuchengetedzeka, nembeu yenyoka?"

139 Ini ndoti, "Hama, ndinokuda, asi zvino ngatito- . . . ngatingotorei Magwaro tione kuti ari mugwara neakatsauka ndoupi." Munoona, ndinofanira kukwanisa ku . . .

140 "O, zvino, Hama Branham, ndinokuudzai, muri kukanganisa pese apa." Munoona, otanga kupopota.

141 "O," ini ndoti, "zvakanaka, dzimwe dzenguva ndizvo zvandiri. Zvino, kana ndakadaro, zvirokwazvo (uye munondiudza, muri . . . Munoziva pandakatsauka), saka ndiratidzei pandakatsauka." Uye ndakagadzirira kuzvigamuchira, munoona.

142 Chinhu chakangofanana nokuti, "Hei, hazvinei newe kuti uudze mwana uyo kuti agare pasi." Zvino, mudhikoni ndiye—ndiye muchengeti paimba yaMwari. Maona? Zvino kana iwe . . . Ndiye anochengeta imba yaMwari nokuiita kuti igare iri muhurongwa. Zvino ndizvo zvinorehwa naMagwaro, uye kana mune chimwe chinhu chinofanira kuitwa nomudhikoni, huyai mundiudze. Munoona, hechinoi chinhu chimwe chetecho, asi ndiro—ndiro basa renyu kuita izvozvo, hongu, ingotsigira saizvozvo.

143 Uye hamufaniri kubvunza mumwe munhu, ndiro—ndiro basa renyu. Hama Neville havabvunzi mumwe munhu, chechi hamufaniri kubvunza . . . Ndiri kureva, ma—ma—matirastii havafaniri kuenda kunobvunza Hama Neville kana—kana vachida kuti paiswe denga patabhenakeri. Maona? Kwete, kwete, izvozvo hazvina chokuita neHama Neville, hazvina chokuita neni, ndezvenyu. Madhikoni havafaniri ku . . .

144 Zvimwe chete nokumufundisi. "Chii chamunoda kuparidza pamusoro pacho? Handidi kuti muite *izvi*." Havafaniri kutaura izvozvo, ari pasi paMwari, munoona, mufundisi wavo. Uyezve kana—kana—kana . . . Hama Neville, inoparidza mharidzo yatinenge tapuwa naShe, uye tiri pamwe chete muzvinhu izvi. Zvino kana ndikaudza Hama Neville chimwe chinhu chisiri icho, Mwari anonditi ndizvipindurire. Ndizvozvo. Maona? Saka Mwari ndiye Mukuru wazvo zvose. Maona?

Uye tiri kungoshanda sevamiriririri vaKe, munoona, tiri muno mumahofisi aya.

Ndapota tsa- . . .

Mubvunzo unotevera, uyezve ndinofunga tinozova nomumwe zvakare, zvadaro ticha—tichabva tamira.

Ndapota nditsanangurireiwo kuti zvipo zvendimi zvinofanira kushanda sei muchechi yedu. Izvozvo ndazviita. Chechi ingaiswa muhurongwa riini sezvo . . . kana kungoti ndepapi panofanira kushanda zvipo? Tichangopedza kuzvitsanangura izvozvo.

Mangani m-a-K-i-r-i-s-i-m-a . . . Ungandionerawo here kuti pakanzi chii apa? [Hama Billy Paul vanoti, **"Zviridzwa."**—Mupepeti.] O. **Zviridzwa. Tinofanira kuva nezviridzwa zvingani muchechi kunze kweogani nepiano?**

145 Zvakanaka, zvinoenderana nokuti manga mune bhendi ramagitari here kana kuti chero chamanga munacho, munoona. Handizivi kuti zvamunazvo zvii, kuti izvi zvinorevei, ndezvokuti handizvinzwisisi. Asi ogani nepiano zvinhu zvechechi. Zvino, kana muimbisi wenziyo akati anoda hwamanda nemakoneti nezvakafanana naizvozvo, uye kana pakauya mumwe munhu muchechi anoridza zviridzwa izvi . . . Uye kana vari mubhendi, uye—uye zvakare, ndinoti, izvozvo ndezvematirastii enyu, vanozvitaurirana nematirastii uye voona kana vaine mari inogona kuti vatenge zviridzwa izvozvo nezvakadaro, kana chimwe hacho chakadaro. Ndinofunga kuti ndipo pane mubvunzo wavo.

146 Asi kana vaine zviridzwa zvavo, zvakatonyanya kunaka. Kana vasina zviridzwa zvavo, uye vari nhengo yebhendi repano, kwete munhu ari kungopfuura nepano achimboridza pano neapo, obuda oenda saizvozvo, rinofanira kuva bhendi romuchechi. Chechi haizombotengi bho—bho—bhosvo ichitengera munhu anoiridza pano mangwana husiku wava kune imwe nzvimbo, nekune imwe nzvimbo, achipota achimbouya pano neapo nokumboridza zvishoma. Kwete, changamire. Rinofanira kuva bhendi repano, bhendi rakarongeka rine mu—mutungamiriri, uye zvino chechi, taurai navo pamusoro pokutenga zviridzwa.

Ndapota titsanangurirei kuti ticha . . . kuti isu madhikoni tinochengetedza vanhu sei munzvimbo tsvene tisati tatanga kana kuti tapedza . . . Ndapota tsanangurai. [Hama Billy Paul vanoverenga mubvunzo, **"Ko madhikoni anochengetedza vanhu sei vakanyarara munzvimbo tsvene tisati tatanga uye tapedza chechi?"**—Mupepeti.] O, zvakanaka.

147 Ndinoda kureva izvi, hama. Zvino, hechino chinhu chikuru. Ndinoshuva kuti dai tanga tine nguva yakawanda pachiri, nokuti icho—icho . . . icho—icho chinoreva zvimwe zvinhu kwatiri, munoona. Zvino, chechi haisi . . .

148 Kana manga muchizofanira ku . . . Kana muchida kuridza tepi iyi mamwe manheru moiridza musati matanga misangano, kuitira kuti vanhu vazvinzwisise, ngairidzwe; ichochi chikamu chetepi kwete chinopfuura ichochi, ichochi bedzi. Chikamu chipi zvacho chezvizvizvi chamunoda kuti chiridzwe pamusoro pechimwe chinhu, rambai muchingoimhanyisa mberi kusvikira machiwana, mobva mochiridza. Munoona, nokuti iyi mibvunzo.

149 Zvino, madhikoni echechi, sezvanda—sezvandataura, mapurisa echechi. Asi chechi haisi imbawo yamazuva ose yekungosanganira kuti—kuti muyanane nokuita ushamwari nokufarisa. Chechi inzvimbo tsvene yaMwari! Tinouya pano . . . Zvino, kana muchida kuonana, rega ndiuye kumba kwako, kana kuti iwe uuye kumba kwangu, kana kuti toshanyirana mumwe kuimba yomumwe tosangana. Asi kungofarisa tichingotenderera muchechi, nokutaura nezvinhu zvakadaro, hazvina kunaka, hama; tinouya pano, tinobvisa zvinhu zvose mundangariro dzedu. Kana tikauya pano . . .

150 Tarisai maitiro ataizviita makore apfuura. Hanzvadzi Gertie ndivo vairidza piano. Pandaiva mufundisi pano, ini—ini ndaitofanira kuva mufundisi, mudhikoni, nomutirastii, nezvimwe zvose pamwe chete, munoona, asi nda—ndaitofanira kuzviita. Asi imi hamuchafaniri kuzviita nenzira iyoyo, munoona, nokuti mava nevarume vanogona kuzviita izvi. Asi kana . . . Ndaiva nemaasha, Hama Seward nevese vavo pamusuo. Vaiva nemabhuku akaitwa murwi pamusuo, vakagara pachigaro, kana zvimwe, zvakaita saizvozvo. Zvino kana mumwe munhu aipinda, maimuratidza nzvimbo yokuturika bhachi rake kana kumutungamirira pachigaro chake, momupa bhuku renziyo uye nokuvakumbira kuti "ivai mumunamato." Zvadaro munhu wose aigara pachigaro chake achinamata muchinyararire kusvika panguva yokutanga. Maona? Uye zvino panguva yokutanga, Hanzvadzi Gertie, muridzi wepiano, vaiuya kumusoro uko votanga kuridza mumhanzi tisati tatanga . . . apo vanhu pavanenge—pavanenge vachiuya kuzoungana.

151 Ndingataura izvi kuti muridzi wenyu weogani aridze mumhanzi wakanyatsonaka. Zvino kana asingagoni kuvapo, tepai mugozozviridza, kana kuita zvakadaro. Uye muve nemumhanzi, mumhanzi chaiwo unonyatsotapira une kuremekedza uchirira. Saka . . . Uye kumbirai vanhu . . . Zvino kana vanhu vakatanga kutaura nokuenderera mberi saizvozvo, regai mumwe wamadhikoni akwire kumusoro uko aende pamaikorofoni kumusoro uko padhesiki agoti, "sh, sh, sh," saizvozvo. Agoti, "Patabhenakeri pano, ti—tinoda kuti muuye kuzoshumira. Ngatisaitai ruzha zvino, tererai kumumhanzi. Garai pazvigaro zvenyu, garai pasi, remekedzai munoona, namatai kana kuverenga Bhaibheri. Ino, inzvimbo tsvene muno, ndimo munogara Mwari. Uye tinoda kuti munhu wose aremekedze nokushumira, kwete kumhanya-mhanya

tichitenderera, tichitaura sevhisi dzisati dzatanga. Unganai pamwe chete, uye mauya pano kuzotaura naShe. Maona? Munogona kunge muchinamata chinyararire, munoona, kana kuverenga Bhaibheri renyu."

152 Pandakapinda muchechi yeMarble kumusoro uko pa... Norman Vincent Peale, makanzwa nezvake, munoona. Ndakapinda imomo...Anoziva zvikuru nezvepfungwa, iye mudzidzisi, munoziva. Zvino ndakapinda muchechi yake, ndakangofunga hangu, ndirimo, "Ndakashuva kuti dai Tabhenakeri yangu yaita izvozvowo zvakare." Madhikoni akamira pamusuo chaipo kuitira paunongopinda. Ivo, saizvozvo, vanokupa kapepa keSunday school, voenda newe kwaunogara. Munofanira kubudisa vanhu imomo rutatu, munoziva, munongokwana vanhu vanenge mazana mana kana mashanu, munoziva; zvino New York inzvimbo huru, uye iye munhu anofarirwa navanhu. Uye ndinofunga kuti vaitofanira kuva neclass imwe chete na ten o'clock uye imwe na eleven o'clock, iri mharidzo imwe chete ichidzokororwa, sevhisi iyoyo imwe chete, bepa rimwe chete. Asi pavaibuda, uye vaiva (ndinotenda) nemaminitsi mashanu okuitira kuti chechi inyatso...Hapana mumwe munhu waipinda kusvikira vatobuda, ipapo madhikoni aizovhura nzira kuitira kuti imwe chechi ipinde izaremo. Vaiva nezvigaro zviya zvekare zvinenge mabhokisi, munoziva, vaipinda saizvozvo, vogara pasi pazvigaro pamunoita zvokuvhura musuwo. Ndeye chinyakare, yamira ipapo kwe—kwemazana anenge maviri amakore, ndinofungidzira kudaro, chechi yekare yeMarble.

153 Uye waitogona kunzwa pini ichidonha chero papi zvapo muchechi iyi, uye munhu wese achinamata kwenguva shomasa ingaita maminitsi makumi matatu pasina kurira kwekutanga kunotekenywa paogani, nhangaruvanze. Maona? Uye zvino munhu wose anenge achinamata. Ndakafunga, "Zvinoshamisa zvikuru izvi!" Zvino apo mushumiri...Nhangaruvanze iyi, zvingaita...Ndinofunga vairidza nhangaruvanze iyi kwamaminitsi angangoita matatu kusvika mashanu, *Muri Mukuru*, kana zvakafanana naizvozvo, zvichienderera mberi saizvozvo. Uye zvino pavaidaro, munhu wese aichimira kunamata, ave kuchiterera nhangaruvanze iyi. Munoona, zvaipa shanduko, kubva pamunamato tichipinda munhangaruvanze. Uyezve pavairidza izvozvo, ipapo mutungamiriri wekwaya waizotungamirira kwaya. Ipapo vaizoimba rwiyo pamwe chete sevungano *uye* nekwaya. Zvino apa vainge vagadzirira class yavo yeSunday school. Maona? Uyezve—uyezve pavainge vapedza, paizenge pasisina chimwe chinhu chaiitika kusiya kwokushumira muMweya, nguva dzose, uye ndizvo zvatinoendera ikoko.

154 Uye ndinofunga kuti chingava chinhu chakanaka kana chechi yedu...Uye ndiri kungotaura izvi, isu, nechekare,

tichazozviita. Maona? Ngatizviitei. Kana mumwe munhu akaita chimwe chinhu, uye ndichitaura, kuti, "Ndinofunga kuti chingava chinhu chakanaka." Kana chiri chinhu chakanaka, nokudaro ngatichiitei. Maona? Hatidi kuregera chinhu chipi zvacho chakanaka, tichazviita, zvakadaro. Maona? Uye ingoendererai mberi mu—mumire apo uye—uye kana vakatanga ari mangwanani, kana zvakadaro, vanhu vachishanya, ngapawane mumwe munhu, kana kuti mumwe wa—mumwe wamadhikoni, kana kuti mumwe munhu afambe akwirepo agoti, "Wakaitwa mutemo patabhenakeri pano . . . "

155 Handizivi kana vachizviita, pamwe vangangozviita—vangangozviita. Ndinenge ndisiri pano, munoona, handizivi. Ndinenge ndisati ndasvika masevhisi asati atanga.

156 Uye pavanopinda muno vachitanga kutaura, regai mumwe munhu akwire apo agoti, "Sh, sh, sh, pamusoroi kwechinguvana." Maona? Regai—regai . . . Isai hanzvadzi yechiduku, muisei kumusoro uko uye mumuite kuti aridze mumhanzi. Mukasadaro, uisei patepi muuite kuti urire uko, munoona, mumhanzi weogani. Uye muti, "Zvino tiri . . . Pava nemurairo mutsva mutabhenakeri. Kana munhu apinda muno, hatifaniri kuzevezera, kutaura, asi tinofanira kushumira. Maona? Zvino, mumaminitsi mashoma sevhisi ichange yatanga. Kusvikira ipapo, verengai maBhaibheri enyu kana kuti mokotamisa misoro yenyu muchinamata chinyararire." Uye nguva shoma zvichiitwa saizvozvo, vose vanobva vadzidza. Maona? Maona?

157 Munonzwa mumwe munhu achitaura, zvadaro kana zvatanga kudzika, mushure mokuzviita kashoma saizvozvo, mushure menguva diki munosvika panzvimbo apo mumwe munhu, toti, munoona mumwe munhu achitaura, ipo pasina mumwe munhu ari kutaura, munoona, saka, zvino ipapo mumwe wamadhikoni anofamba okwira ondoti, "Ti—tinoda kuti mushumire munguva yesevhisi." Muri kuona? Maona? Munoona, haisi imba yokutaura, imba yokushumira. Mazvinzwisisa?

Ndinofunga ndizvo chaizvo. **Ndapota tsanangurai . . .** Hongu. Regai ndione. Hongu. **Ndapota tsanangurai kuti . . . madhikoni anofanira . . . munzvimbo tsvene.** Hongu, ndizvozvo zvose. Ndizvozvo. Ndizvo.

Zvakanaka, zvino, hounoi wokupedzisira.

Hama Branham, patakava nemikana panotanga sevhisi . . . Ndiri-ndiri . . . nyunyu- . . . Kwete, . . . **takava nenyunyuto . . .**

Pakanyorwa namavara maduku chaizvo. Uye pakanzi "takagamuchira nyunyuto," handizvo here? [Hama Billy Paul vanoti, "E—he," voenderera mberi vachibatsira Hama Branham kuverenga zvinyorwa zvidiki izvi—Mupepeti.]

. . . takagamuchira kunyunyuta pakutanga kwesevhisi. Taka . . . Rega ndione. **Ti—ti—tine nziyo, zvapupu,**

neminyengetero, nezvikumbiro zveminyengetero, nokuimba kwakatsaukana, uye p-a-...pamwe tingazviwana... tochizopinda mumharidzo na eleven, ku...kana kuti mushure, asi tisingazowani nguva yakawanda yeShoko. Vamwe vanhu vanotanga kusagadzikana uye vofanira kuenda tisati ta—ta, zva...tisati—tisati tapedza. Izvi... Ndapota tsanangurai kuti inziyo ngani, uye inguva ipi panofanira kutanga mharidzo. Uye dzimwe—dzimwe nguva tine zvikumbiro zvomunamato—munamato uye tozopedzisira yava shumiro yezvapupu, zvinova zvinhu izvo—izvo zvisinga...zvisingaratidziki sezvakarurama panguva iyoyo.

158 Zvino, ndinotarisira kuti ndazvibata. Billy ari kuedza kundibatsira pano. Patepi, wangoita kuti...mumwe munhu ari mushumiro, musevhisi, akaterera kuti izvi zvii, ndiBilly ari kuedza kundibatsira kuverenga nokuti pakanyorwa namavara madukuduku, madukuduku, uye ndatadza kuona kuti pakanzi chii. Ndangobata pfungwa yakapararira, iyo, yokuti, "Inziyo ngani dzinofanira kuimbwa tisati tatanga sevhisi, uye sevhisi inofanira kutanga nguvai?"

159 Zvino, chinhu chokutanga chandinoda kuita pano kureurura. Uye kana ndakanganisa, ndinoda kubvuma kuti "Ndakanganisa." Maona? Uye ini—uye ini—ini ndinoda kureurura pano kuti "Ndinoita sokunge ndini ndakatungamirira izvozvo." Nokuti ndini ndanga ndichiita masevhisi aya marefu nezvimwe, ndizvo zvakapinza chechi mumaitiro aya, munoona, maitiro akadai, asi hazvifaniri kudaro. Uye zvino, rangarirai, ndine...ndiri...Ndanga ndichikuudzai mose, "Svondo manheru, kana Ishe vachida, Svondo manheru, kuti, ndiri kuedza kuisa masevhisi angu kubva ipapo munguva dzawo, chero zvingareva kuzowedzera kuva kwangu pano kwerimwe vhiki, kutora maminitsi anenge makumi matatu kana kuti makumi mana kana sevhisi dzangu dzarebesa."

160 Nokuti ndakawana izvi, zvokuti sevhisi ino...Ikasimuka, mharidzo yopiwa musimba; kana ukaramba uchienderera nguva refu, unonetesa vanhu uye havazoibati. Chikonzero ndanga ndichipa...Izvi ndakagara ndichizviziva nguva yose iyi. Maona? Vatauri vakanyanya kubudirira ndeavo vanonyatsotora... Jesu waiva Munhu wamashoko mashoma, cherechedzai mharidzo dzaKe. Cherechedzai mharidzo yaPauro. PaZuva rePentekosta, pamwe wakangotora maminitsi gumi namashanu, uye akarova...ipapo, chimwe chinhu cha—cha—chakapinza mweya zvuru zvitatu muHumambo hwaMwari. Munoona, kungonanga chaipo panodikwa. Maona?

161 Uye ndi—ndine mhosva. Nokuti, chikonzero ndakaita izvi, hakusi kuti ndakanga ndisingazivi zvakasiyana, asi ndiri kugadzira matepi, munoona, uye matepi aya acharidzwa mudzimba kwemaawa nemaawa nemaawa. Asi sezvamuchaona,

musi weSvondo iri kuuya, chikonzero ndakaita izvi, Svondo ino iri kuuya, chikonzero ndakaita zvinhu izvi. . . Nditongozvitaura iko zvino patepi. Chikonzero chandakazviitira izvi ndechekuda kwemutoro mukuru uri pamusoro pangu weMharidzo yenguva ino, kuti Ibude. Zvino Mharidzo yabuda, zvino ndava kuita maminitsi makumi matatu kana zvakadaro, mushure mekutanga kwegore, mumisangano yangu kunze. . . kwese kwandinoenda, ndichaedza kugadza wachi yangu pamaminitsi makumi matatu, kana kutoti kusatombodarika pamakumi mana kana yarebesa; ndorova Mharidzo iyoyo, ndodaidza vanhu kuaritari kana ini. . . kana kuti chingava chipi chandinenge ndichizoita, kana kudana mutsetse wokunamatira; uye kuti ndisatora nguva yakawanda zvakadaro, nokuti unonetesa vanhu. Izvozvo ndinozviziva.

162 Asi tarisai apa. Ndinofungidzira, mugore, hatisati tambova nevanhu gumi navaviri vakasimuka vachibuda, uye dzimwe nguva ndinovagarisa muno kwemaawa maviri kana matatu. Maona? Ndizvozvo. Nokuti kwanga kuri kugadzirwa kwamatepi aya anoenda munyika dzese, maona. Uye vanhu kunze uko, vachagara kwamaawa vachiterera Izvi; vashumiri, nevamwe, Germany, Switzerland, Africa, Asia, nekwose, munoona, vachiterera Izvi.

163 Asi, munoona, munzvimbo tsvene, kuitira chechi. . . Uye zvakangorurama. Kana muri pano muchigadzira tepi, uye mune tepi yemaawa maviri, isai mharidzo yemaawa maviri pairi; asi kana usiri kugadzira tepi yezvimwe zvinhu zvakafanana naizvozvo, saka ngatigurei mharidzo yedu, munoona, kugura mharidzo yedu. Ndinokuudzai kuti nemhaka yei, pane vamwe vanokurumidza kuzadzwa, vamwe vanononoka kuzadzwa, munoona, saizvozvo, uye iwe unoda kumira uri maenzanise pakati pavaviri ava zvinofadza.

164 Uye zvino, nguva dzakawanda tinoparadza sevhisi dzedu neshumiro yezvapupu refu, iyo yandinoziva kuti ndine mhosva yekuzviita. Uye taibuda pataimboita sevhisi dzemumigwagwa, tichitendera imwe hama yakura kuti imire kunze uko, uye aimira. . . Uye taimukumbira kuti ape shoko romunamato, iye aibva anamatira meya weguta, nagavhuna wenyika, naPresident weUnion, ne—nevamwe vose vakaita saiyeye, navafundisi vose vakapoteredza, munoziva, mumwe nomumwe wavo nehuwandu hwavo, naHanzvadzi Jones vari muchipatara, nezvinhu zvakadaro; apo vanhu vakamira, vachifamba vachipfuura nepasevhisi yomumugwagwa, voramba, vanoramba—vachingoramba vachifamba. Maona? Waingovanetesa. Tiri kungoramba, kunyangwe. . .

165 Munoona, chinhu chikuru zvino, munamato wako ndewokuita pakavanda, munamato wako mukuru, murefu. Namata pose. . . Pinda munzvimbo yakavanda, uvhare musuwo. Imomo ndimo maunoda kunamata zuva rese, usiku hwese, kana maawa maviri, uchinamata uri imomo. Asi muno, umo vanhu

vanokwanisa kukunzwa, ita munamato wako kuti uve mupfupi, unokurumidza kupera, saizvozvo. Ita kuti sevhisi yako yese . . . Uye ita kuti nguva yako zhinji yesevhisi ive yeShoko iroro. Ndicho chinhu chikuru! Roverera Shoko iroro zvakaomarara sezvaunogona, unoona, ita kuti Shoko risvike kuvanhu.

166 Zvino, hezvinoi zvandingangorevawo. Zvino, zvino rangarirai, ndareurura kuti ndine mhosva yokutungamirira izvi kuti zvidai. Asizve ndakuudzai kuti sei ndakazvitungamirira kuti zvidaro, ndiri kugadzira matepi amaawa maviri-maviri anofanira kutumwa mhiri kwamakungwa nekwose kwose, eMharidzo, munoona. Asi chechi ngaisatevedzera izvozvo (mharidzo pano patabhenakeri) mushure mematepi (emaawa maviri) awo anofanira kuenda kunzvimbo dzakasiyana-siyana, munoona, achienda kunze saizvozvo.

167 Zvino, heunoi hurongwa hwenyu . . . Regai ndingokupai muenzaniso. Zvingava zvakanaka here, kupa zvandinofungawo? Ndingati masuwo echechi ngaave avhurwa pane imwe nguva, morega ungano ichipinda, nziyo dzichirira. Uye regai munhu wose anopinda muno auye kuzoshumira, kwete kushanya. Uye musavatendera kushanya mushure, vaudzei kuti "Budai henyu muende panze, musashanya. Kana muchida kushanya, tine kunze kwose kuti tidaro. Asi ino inzvimbo tsvene, ngaichengetwe yakachena." Zvino, kana Mweya waShe uchishanda muno, ngatiuchengetedze Mweya waShe. Maona? Uye—uye Ucharamba uchifamba. Kana mukasazviterera, batai mashoko angu, zvichawira pasi; zvichatodaro zvirokwazvo. Uye ngatizvichengete, ibasa redu, ndiko kusaka ndiri pano manheru ano. Ingochengetai nzvimbo ino iri mugwara ne—nemirairo iyi.

168 Zvino tarisai, ndinoda kutaura izvi. Pakungoreva zvemazuva ose, kunze kwokunge tichipa kunyanya . . . uye munovaudza kuti tichazotepa mharidzo. Maona? Zvino, kana Hama Neville vane mharidzo pano yavari kuzo . . . vane mharidzo yavanoda kuparidzira vanhu, kunze uko vari patepi, kana zvakadaro, vanoti, "Zvino, Svondo inouya manheru tichatepa tepi yemaawa maviri," tepi yemaawa matatu, kana kuti—kana kuti zvinenge zviripo. "Tichaparidza tepi yemaawa maviri kana kuti yemaawa matatu," kana urefu hwaingava, "Svondo inouya manheru." Uyezve ipapo vanhu vanobva vaziva. Uyezve pavanouya, munovati, "Zvino, tava kutepa mharidzo manheru ano. Uye ndine mharidzo pano inova imwe chete yandinoda kuti itepewe igotumirwa kunze. Ndanga ndiri . . . Ndiri kunzwa kutungamirirwa kutumira kunze mharidzo iyi. Saka ichatepewa, pamwe ichaitwa maawa maviri, maawa matatu, kana urefu hwaingava." Taurai kudaro.

169 Asi, pane zvamazuva ose, sezvandinongoita pandinongopinda munzvimbo dzakafanana neimwe yemisangano yeVarume veMabhizimusi, kana kuti ndiri kunze uko mumasevhisi angu andinoita mutsetse wokunamatira.

Kana ndaimira ikoko ndikapa mharidzo yemaawa matatu manheru ndisati ndava nesevhisi yokupodza varwere, munoona pazvinozondiisa? Maona? Nemhaka yei, vanhu, manheru anotevera ungano yako inozonge yava hafu yezvayanga iri. Maona? Nokuti havagoni kuita izvozvo, vanofanira kuenda kubasa nezvimwe.

170 Ndingarevawo izvi, kuti pane zvamazuva ose... Zvino, ndakacherechedza Hama Neville manheru apfuura pavakaparidza. Zvino, ndinoziva tose tinoziva kuti yakanga iri mharidzo inoshamisa kwazvo. Ndakatora manotsi kubva pavari, andinawo muhomwe mangu umu, kuti ndizoashandisa mune dzimwe mharidzo dzangu. Ndizvozvo. *Nzira Yokupukunyuka Nayo*, munoona, uye yakanga iri mharidzo inoshamisa. Makaona here kuti vakakurumidza kupedza zvakadini? Munoona, maminitsi anokaronge makumi matatu nemashanu, munoona, uye aka—akabva apedza. Maona? Zvino, izvo zvakanga zvakanaka. Zvino, uye Hama Neville, kazhinji mharidzo dzavo ndizvo zvadzakaita. Munoona, hadzina kureba. Maona? Asi paunouraya sevhisi yako ndeapo paunotenderera nezvimwe usati wananga pairi. Maona?

171 Zvino, uye—uye paunodaro...Zvino, ndinoziva, zvino tarisai, ini—ini handisi kutaura izvi ndisingakuremekedzei, imi matirastii, kana madhikoni, kana—kana mufundisi, asi ndiri kungokuudzai: muone kuti Zvokwadi ndeipi, uye izvi ndizvo zvazvinofanira kuva. Zvino, imi...Chii chinozviita? Zvino, munhu wose, imi mose, mune hunhu hwakanaka, imi mose varume mune hunhu hwakanaka. Dai zvakanga zvisina kudaro, ndaikuudzai, "Mose kusiya kwaHama *Nhingi-nhingi*, haana hunhu hwakanaka, tose tiri kumunamatira." Asi imi—imi mune hunhu hwakanaka, uye munotsungirira, makapfava, muri mhando yevanhu vakanyarara. Zvakanaka, asi haikona kuita semudzimai mukudaro ikoko.

172 Jesu wakanga aine hunhu hwakanakawo, zvakare, asi pakasvika nguva yokuti ataure zvinhu, "Kwakanyorwa, 'Imba yaBaba vaNgu yakagadzirwa kuva imba yomunamato,' asi imi muri kuiita bako ramakororo." Maona? Munoona, Wa—Waiziva pokutaura nepokusataura. Ndizvo—ndizvo—ndizvozvo zvatinofanira kuita. Maona? Hapana, hakuna kumbova nemunhu wakaita saJesu, Wakanga ari Mwari. Uye rangarirai, Iye akato...Unotaura nezvokuva mudhikoni muchechi, A—Akatungamirira zvaifanira kuitwa! Akaruka chamboko pamwe chete, uye haAna kumirira kuti avabuditsemo zvinyoronyoro, Akavarova kuti vabudemo, munoona, paimba yaMwari. Zvino Wakanga achiita chikamu chomudhikoni, somuenzaniso kwamuri *imi* madhikoni. Munoona, Wakanga ari Muenzaniso wenyu. "Uye zvino, zva—zvakanyorwa, 'Imba yaBaba vangu yakagadzirwa kuva imba yomunamato.'" Zvino, rangarirai, Jesu

wakanga ari mudhikoni ipapo, munoziva, Jesu wakanga achitora nzvimbo yomudhikoni.

173 Paakauya pachinzvimbo chomufundisi, Akati chii? "Imi vaFariseyi mapofu, vatungamiriri vamapofu!" Munoona, Wakanga achitora nzvimbo yomufundisi, ipapo.

174 Uye paAkavaudza zvanga zvichazoitika, Wakatora nzvimbo yomuporofita. Maona?

175 Zvino paidikanwa kuti mutero ubhadharwe, Wakatora nzvimbo yemutirastii, "Petro, dzika zasi uko undokandira chiredzo murwizi, uye hove yokutanga yauchabata inenge ine mari mumuromo mayo. Vabhadhare, munoona, bhadharai zvikwereti zvenyu." Akati, kwatiri, "Ipai Kesari zviri zvaKesari, Mwari zviri zvaMwari."

176 Akanga ari zvose Mufundisi, Muporofita, Mutirastii, noMudhikoni. Zvirokwazvo ndizvo zvaaiva! Saka zvino munoona zvaAkaita, regai iwoyo uve muenzaniso wenyu muimba ino Branham Tabhenakeri, kuti tinoda kuti imba ino ive imba yaAnoremekedzwa muzvinhu zvose, hofisi yoga-yoga, nzvimbo yoga-yoga, kuti parege kuwana chinobviswa. Pave nehunyoro, nokutapira, nemutsa, asi tichingotevera mutsetse zvakarurama, munhu wose ari panzvimbo yake yebasa. Maona? Ndiyo nzira yacho, ndiyo nzira yacho yaAnoda kuti zvive. HaAna kumborerutsa. Payakasvika nguva yokuti ataure, kureva kuti *ichi* chinonzi *ichi*, Akachidana saizvozvo. Payaisvika nguva yokuzviratidza kupfava, ipapo waibva Aratidza kupfava. Waitapira, ane mutsa, achinzwisisa; asi akanyatsomira zvakasimba, uye zvose zvakanga zvakanyatsonanga paAri, uye Akaita izvi kuti uve muenzaniso wenyu. Zvino, Mweya Mutsvene wangondipa izvozvo. Saka handina kumbofunga pamusoro paizvozvo, kuti Iye wakambova Mudhikoni, kumashure, asi Wakatombova. Maona? Iye—Iye akaita somudhikoni, ipapo.

177 Zvino, ndinoda kutaura izvi, toti kana sevhisi yenyu ichitanga na seven-thirty, kana iriyo nguva yenyu, vhurai chechi yenyu maminitsi makumi matatu nguva iyi isati yasvika, na seven o-clock. Regai muridzi wepiano . . . Udzai muridzi weogani . . . Munomubhadhara here? Mose munobhadhara here muridzi weogani? Anobhadharwa here, kana muridzi wepiano? Anozviita pasina mubhadharo? Mukumbirei zvine hunyoro. Kunyange kana achida kuti azvibhadharirwe, muwane chamunomupa nokuda kwazvo, momuudza kuti tinokuda maminitsi makumi matatu sevhisi isati yatanga. Uye kana iye akati, "Zvakanaka, handikwanisi kuzviita," kana zvimwe zvakadaro, zvinomutadzisa, ingoitai kuti auye pano agotepa mumhanzi unotapira paogani. Munozviona? Uye regai . . . isai izvozvo pa . . . Haafaniri kunge ari pano nguva dzose, munongoridza tepi. Maona? Regai mumwe wamadhikoni, matirastii, kana ani zvake anovhura musiwo, muchengeti

wepachechi, aibatidze ipapo, aridze tepi, uye ngainge ichirira apo vanhu pavanenge vachipinda. Maona? Nokuti kana madhikoni asiri pano, kana mumwe munhu, itai kuti, mutirastii kana mumwe munhu avepo kuita izvozvo, moita kuti airidze kwemaminitsi makumi matatu.

178 Asi na seven-thirty chaiyo-chaiyo, ridza bhera pamusoro pechechi. Maona? Muchine bhera here kunze uko? Hongu. Zvakanaka, bhero renyu ngaririre seven-thirty, uye zvinoreva kuti hatisisiri kuzofamba-famba tichikwidza nokudzika muchechi nokukwazisana nanaJones navamwe vose. Regai muimbisi wenziyo ave pabasa! Kana pasina anoimbisa, madhikoni ngaaone kuti pava . . . kana kuti . . . onai kuti pane mumwe munhu anotanga kutungamirira nziyo panotanga kurira bhero. "Vhurai mabhuku enyu enziyo, nhamba *yakati-ikati*." Maona? Ngazviitwei na—na seven-thirty chaiyo-chaiyo.

179 Zvakanaka, mobva maimba rwiyo rwatinoimba sevungano, uye ndinofunga moimba rumwe rwiyo sevungano, mobva mava nemunhu afanotaurwa naye, kana muchikwanisa, kuti atungamirire mumunamato. Regai mu—mufundisi, kana, uyo . . . Zvakanaka, mufundisi haafaniri kuvapo, mu—muimbisi wenziyo ndiye anofanira kuita izvozvo. NdiHama Capps, ndinofunga kudaro. Munoona, iye anoziva zvokuita, regai—regai aite kuti mumwe munhu afanoziviswa . . . kana kuti iye ngaatungamirire nomunamato pachake. Oita kuti ungano ingosimuka mukunamata, munoona, isimuke, uye regai mumwe munhu atungamirire nomunamato. Zvino, kana mukasacherechedza . . .

180 Zvino, tinotenda kuti munhu wese anofanira kuuya muimba yaMwari kuzonamata, ndiyo—ndiyo nzvimbo yomunamato. Asi kana muri munzvimbo tsvene iyi, chengetedzai nguva yenyu. Maona? Mukavadana vese kuzokomberedza aritari, munozoona kuti panenge pane mumwe munhu ipapo kwemaminitsi gumi nemashanu, makumi maviri; zvino nguva yenyu inobva yapera.

181 Iwo wenyu, munoona, kunamata kwenyu munokuitira kumba. Jesu akati, "Pamunonamata, musamira sevanyengeri, uye—uye kwenguva refu . . . oita munamato murefu, otaura *izvi, izvo,* kana *nezvimwe*, uye—uye nezvimwe zvakadaro kuitira kuti aonekwe." Maona? Akati, "Pamunonamata . . . namatai, pindai munzvimbo yakavanda, nzvimbo yakavanda, movhara musuo kumashure kwenyu; monamata kuna Baba venyu vanoona pakavanda, Vachakupai mubairo pachena." Zvino, ndiyo nzira yokuita munamato pakavanda, ndizvo zvaAkati itai.

182 Asi imi, mumwe munhu, kana vakauya, regai muimbisi wenziyo, oti, "Zvakanaka . . . " Mushure merwiyo rwekutanga, ipapo mumwe munhu ngaanamate, chero waanenge ari, angoita munamato mupfupi. Haikona kusimuka wogonamatira magavhuna ose, navamwe vakaita saivavo.

Kana paine zvikumbiro zvomunamato, ngazviziviswei, ngazvinge zvauyiswa kumberi, ngazvitotumirwako mberi. Zvinyorei, muti, "Pano." "Manheru ano, mumunamato, tiri kurangarira Hanzvadzi *Nhingi-nhingi*, Hama *Nhingi-nhingi* vari muchipatara, *Nhingi-nhingi*, na*Nhingi-nhingi*, na*Nhingi-nhingi*. Varangarirei mumunamato yenyu pamunonamata. Hama Jones, titungamirireiwo mumunamato. Ngatisimukei." Maona? Ngazvinge zviri papuratifomu. Vaudzei, itai kuti vazvijairire, "Kana uine chikumbiro chomunamato, chiisei kumberi *kuno*, [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti.] kumusoro *kuno*." Hazvifaniri kuitwa zvokutaura, "Pane ane chikumbiro here zvino, aite kuti chizivikanwe ne. . . " Uye zvikadaro, chokutanga, mumwe munhu anokwira ikoko oti, "Mwari ngaarumbidzwe!" Munoziva, otanga saizvozvo, zvino chinhu chokutanga munoziva, vanoita maminitsi makumi matatu vasati vagara pasi dzimwe nguva. Maona?

183 Tine mungava pachechi ino, kwete dzimwe; uno ndiwo mungava wedu kuna Mwari. Mahofisi aya mungava wenyu kuna Mwari. Maona? Chikonzero ndakamira pano manheru ano, ndichikuudzai izvi zvose, ndezvokuti mungava wangu uyu kuna Mwari; iwo mungava wenyu: Zviitei. Maona?

184 Zvino, uye kana chimwe chinhu chakaita saichocho. . . regai mumwe munhu atungamirire nomunamato, uye kana vadaro, zvakanaka, regai vatungamirire nomunamato, vogogara pasi.

185 Uye kana mune rwiyo rwakatsaurwa. . . Zvino, handingatauri izvi, handingawirirane. . . Zvino kana mumwe munhu achida kuimba rwiyo rwakatsaurwa, zvizivisei muchechi. Vaudzei kuti "Rwiyo rwupi zvarwo rwakatsaurwa, kana chimwe chinhu zvacho chinoda kuimbwa, ngavaone mutungamiriri wenziyo chechi isati yatombotanga." Uye itai kuti. . . Muti, "Zvakanaka, ndine urombo hama, ndinoda kuti. . . ndingada kuzviita zvachose, asi ini—ini ndine rwangu rwakatsaurwa rwamanheru ano. Dzimwe nguva mukandiudza kuti muchazenge muri pano pahusiku hwakadai, ndichakuisai pachirongwa. Munoona, ndine hurongwa hwangu hwakanyorwa pano."

186 Regai—regai Hama Capps kana upi zvake ari kutungamirira nziyo. . . Uye ivai neanoimbisa nziyo, zvisinei kuti ndiani. Uye musavarega vachimira ipapo vachitaura, kana kungoita zvakangowanda-wanda votova semuparidzi, munoona. Regai vamire ipapo vatungamirire nziyo, ndiro basa ravo.

187 Ibasa romufundisi kuparidza, munoona, kwete kutungamirira nziyo. Haafaniri kutungamirira nziyo, muimbisi wenziyo ndiye anotungamirira nziyo. Ndiye ane basa, uye unofanira kubuda akafefetedzwa pasi pechizoro cheMweya Mutsvene, achibva muhofisi umo, imomo, kana nguva yake yasvika. Haafaniri kunge achitombova papuratifomu, izvi

pazvinenge zvichiitika. Ngaagare muhofisi seri uko, munoona, kana kuti kumashure uko, kana kwaanenge ari, uye nhare dzemumba ndidzo dzinomuunza, munoona, kana nguva yakwana. Kana akanzwa rwokupedzisira . . . kana paine rwiyo rwakatsaukana, serwunoimbwa nomunhu mumwe chete, vaviri, kana zvakadaro, rwuchiva rwiyo rwenyu rwechitatu. Maona?

188 Apa maimba nziyo dzeungano mbiri, munamato, matora mupiro wenyu kana muri kuutora. Uye regai munhu wese ave pabasa rake. Muti, "Zvakanaka, patiri kuimba rwiyo rwedu rwokupedzisira, zvino, maasha ngaauye, ngaauye mberi achitora mupiro wamanheru." Maona? Uye pavari kupedza kuimba rwiyo irworwo, hepano maasha anobva atomira. Voti, "Zvakanaka, tava kuzonamata, uye mukunamata, tinoda kurangarira *Nhingi-nhingi* pano, uye *Nhingi-nhingi*," uye kwava kuverenga izvozvo, munoziva, saizvozvo, saizvozvo. "Zvakanaka, munhu wose ngatisimukei. Hama, mungatitungamirirawo here nomunamato?" Ipapo zvinobva zvapera.

189 Zvino vachiri kuimba rwiyo rwechipiri urwu, kana rwamunenge muri kuimba, munenge, kana muchisarudza, kutora mupiro wenyu, kana muri kuzotora mupiro wenyu. Zvisiyei . . . Ndingatora rwiyo rwenyu rwokutanga, mushure motora mupiro wenyu wamanheru, uyezve moenderera mberi nerwiyo rwenyu rwechipiri, uyezve moenderera kusvika mapedza. Zvino regai rwiyo rwenyu rwokupedzisira pano, regai rwiyo rwenyu rwokupedzisira, munoona, rwudane mufundisi. Zvino panongopera kuimbwa rwiyo rwokupedzisira, itai kuti ogani yenyu ichitanga mumhanzi wenyu—wenyu—wenyu wenguva yorunyararo, mufundisi wenyu anobva abuda. Munoona, zvinhu zvose zviri muhurongwa. Munhu wose akanyarara. Hapanazve chimwe chokutaura. Mudhikoni wose ari pabasa rake. Mufundisi akamira ipapo.

190 Anobuda, okwazisa ungano yake, otendeukira kuBhuku rake oti, "Manheru ano, tiri kuverenga kubva muBhaibheri." Munoona, paanenge adaro, "Tiri kuverenga kubva muBhaibheri." Uye chinhu chakanaka dzimwe nguva kuti, "Tichiremekedza Shoko raMwari, ngatisimukei netsoka dzedu patiri kuverenga Shoko." Munoona, ipapo kwava kuverenga, "Manheru ano, ndiri kuverenga kubva kuBhuku ramaPisarema," kana kungave kupi kunenge kuchiverengwa. Kana kuti regai mumwe munhu ariverenge, muimbisi wenziyo, kana mubatsiri wemufundisi, mumwe munhu wamunaye, regai averenge, chero; asi zvinganyanya kunaka kana mukaverenga imi pachenyu, kana muchigona. Kwava kuverenga saizvozvo, zvadaro kwava kutora musoro wenyaya. Maona? Uye munguva yakadaro, mapedza maminitsi anenge makumi matatu, ipapo zvino inenge yava kunge eight o'clock.

191 Uye kubva na eight kusvikira nguva inenge eight-forty-five, maminitsi anenge ari nechapakati pemakumi

matatu nemakumi mana nemashanu, nyatsowaridzai Shoko imomo sokupiwa kwamunoita neMweya Mutsvene, munoona, saizvozvo, mungoriisa ipapo nenzira yaAnoti muite, munoona, pasi pechizoro.

192 Ipapo daidzai vanhu kuaritari, mugoti, "Kana paine munhu muchechi muno anoda kugamuchira Kristu seMuponesi, tinokukumbira, tiri kukukoka zvino kuaritari, ingosimuka netsoka dzako." Maona?

193 Zvino kana—zvino kana pasina asimuka, moti, "Aripo here pano anoda kubhabhatidzwa, uyo akatotendeuka kare, uye achida kubhabhatidzwa mumvura kuitira kuti zvivi zvake zviregererwe? Kana uchida kuuya, tiri kukupa mukana iwoyo zvino. Ungauya hako here ogani ichiri kurira?" Maona?

194 Pakashaya anouya, chitaurai kuti ipapo, "Aripo here mumwe pano angada . . . asati ambogamuchira Kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene uye achida kudaro manheru ano, anoda kuti timunamatire?" Zvakanaka, dzimwe nguva mumwe munhu anouya, ipapo regai vaviri kana vatatu vaise mavoko pamusoro pavo, vovanamatira. Movaendesazve seri mune imwe yemakamuri, mumwe munhu onge ainavo imomo, ovatsanangurira pane imwe nzvimbo kuti vanogamuchira Mweya Mutsvene sei. Ipapo vungano inenge isiri pavari.

195 Kana mumwe munhu akauya kuti azo . . . achida kugamuchira Kristu uye akamira ipapo paaritari kuti anamatirwe, itai kuti . . . itai kuti vanamate. Uye kana vadaro, ingovatii, "Kotamisai misoro yenyu zvino, tava kuzonamata." Uye itii, "Munotenda here?"

196 Kana paine chimwe chinhu chinganonotsa vungano nenzira ipi zvayo, vaendesei kuimba yokunamatira, uye mopinda imomo navo, kana kutuma mumwe munhu imomo navo. Zvino regai ungano iende hayo, munoona, saizvozvo, hamuna pamavanonotsa zvino. Maona?

197 Uyezve apo . . . pasati . . . Mune—mune mashoma . . . zvino kana ivo, vakati, kana pasina auya, ipapo itii, "Aripo here manheru ano anoda kuzodzwa mafuta, kuitira hurwere? Tinonamatira vanorwara pano."

198 "Zvakanaka, ndinoda kukuonai pedu toga, Hama Neville."

"Zvakanaka, mundione muhofisi. Onai mumwe wamadhikoni, vachaona nezvenyaya iyoyo, munoona." "Uye ndine zvimwe zvinhu zvandinoda kuti nditaure kwamuri, Hama."

"Zvakanaka, mumwe wamadhikoni pano achaenda nemi kuhofisi, uye ticha . . . ndichakuonai sevhisi ichangopera."

199 "Zvino, ngatisimukei kuti tichipedzisa." Munoona, ipapo hamusati mapfuura nguva inenge awa nemaminitsi makumi mana nemashanu kuita izvi zvose. Maona? Munoona, awa

namaminitsi makumi matatu, sevhisi yenyu yatopera. Maita nguva duku, maita nokukurumidza; ma—maita zvinoitwa; mazviita . . . uye munhu wose agutsikana, uye moenda kumba muchinzwa zvakanaka. Maona? Kana mukasadaro, ipapo, munoona, mukaregera . . . Munoona, mu—mu—munoda kuita zvakanaka, munoona, asi onai . . .

200 Munoziva, ava makore anenge makumi matatu namatatu ndiri papuratifomu ino, makore makumi matatu namatatu, uye nokupoterera pasi rose. Une chimwe chinhu chidiki chaunodzidza munguva yakadaro, zvechokwadi. Maona? Ukasadaro, zviri nane utoregera. Saka zvino, munoona, ndakaona izvi. Zvino, kana uchishanda neVatsvene bedzi, varume, unogona kugara usiku hwese kana uchitoda. Asi uri . . . Unoona, hausi kushanda neava chaizvoizvo, uri kuedza kubata vari kunze ava. Ava ndivo vauri kuedza kubata, unofanira kushanda nedivi ravo. Maona? Uye usa . . . Vaunze muno woregera Shoko richiuya, zvadaro, munoona, ipapa hapazowani chinganyunyutwa. Kana paine chimwe chinhu chavanoda kukuonera, zvakanaka, zvakarurama, vatore upinde navo muhofisi saizvozvo, asi usaramba wakamisa vungano.

201 Ipapo, munoziva, vanhu vanozosimuka voti, "Zvakanaka, ndinokuudza, ngativei neshumiro yezvapupu yakanaka." Maona? Handisi kutsoropodza izvi, ndiri kungoda kukuudzai Chokwadi. Ndinoda kukuudzai Chokwadi. Maona? Ndakaona kuti masevhisi ezvapupu anotonyanya . . . anoto—anotonyanya kukanganisa dzimwe nguva kupfuura kunatsa. Munoona, anotodaro.

202 Zvino, kana mumwe munhu aine chapupu chiri kupisa chaizvo panguva iyo yerumutsiriro, munoziva, muri pakati perumutsiriro, munoziva, musangano, zvino mumwe munhu aponeswa uye achidawo kungotaura rimwe shoko, zvakanaka, Mwari ngaarumbidzwe, regai adurure mweya wake. Muri kuona? Kana iye—kana iye achida—kana iye achida kuita izvozvo, munoona, iri nguva yorumutsiriro, anoti, "Ndinoda kungoti, 'Ndinotenda Ishe nezvaAkandiitira.' Akandiponesa vhiki yapera, uye mwoyo wangu uri kupfuta nokubwinya kwaMwari. Ndinotenda Mwari," ogara pasi. Ameni! Zvakanaka, kwava kuenderera mberi. Munoona, izvozvo zvakanaka.

203 Asi kana mukati, "Zvino ngatiwane mumwe. Ndiani ari kutevera? Ndiani ari kutevera? Zvino ngatinzwei shoko, ngatinzwei shoko rechapupu." Zvino, kana muine sevhisi yamakatsaura, humwewo usiku kuitira izvozvo, munoona, munogona kudaro: "Manheru ano . . . manheru eChitatu chinouya, pachinhambo chokuva neshumiro yomunamato, ichange iri sevhisi yokupa zvapupu. Tinoda kuti munhu wose auye, uye uchava musangano wezvapupu." Uyezve pavachasvika pa—panzvimbo yokupa zvapupu, verengai Shoko, monamata, uye moti, "Zvino, takazivisa kuti manheru ano manheru

ezvapupu." Saka regai vanhu vapupure kweawa iyoyo kana kwemaminitsi makumi mana nemashanu, kana kuti makumi matatu emaminitsi, kana nguva inenge iripo, uyezve—zve moenderera mberi saizvozvo. Munoona zvandiri kureva? Uye ndinofunga kuti zvichabatsira ungano yenyu, zvichabatsira zvose, pamwe chete, mukazviita nenzira iyoyo.

204 Zvino, sezvo . . . nguva yangu yava kupera, saka . . . Hama—hama, izvi ndizvo pakunyatsoziva kwangu. Ndaona zviri pamwoyo yenyu, izvi ndiko kuziva kwangu kwose pamibvunzo yamabvunza. Zvino, kubva zvino mava kuziva. Uye kana zvikauya mundangariro dzenyu, huyai patepi. Bvunzai izvozvo . . . Tererai tepi. Kana zviri zvamadhikoni, matirastii, kana chipi chazvingava, ridzai tepi. Ngairidzirwe kuvungano ikoko kana vachida kuzvinzwa. Zvakanaka. Uye izvi—izvi ndipo pakunyatsoziva kwangu kuda kwaMwari patabhenakeri ino paEighth naPenn Street, uye ndiyo nzira yandiri kukutumai nayo hama kuti muzviite izvi pasi pokutungamirirwa noMweya Mutsvene, muchizviita nemutsa wose nerudo, muchiratidza nyasha pamberi pevanhu kuti muri Makristu. Zvino *Mukristu* hazvirevi mwanana anongosaidzirwa kwese kwese, zvinoreva "munhu akazara nerudo, asizve, sokuzara kwaakaita norudo rwokuda Mwari zvakadarowo kuvungano." Munoona zvandinoreva?

205 Pane mubvunzo here? Tepi yava kuda kutopera, uye ndine munhu akandimirira uko. Anga achifanira kuvako nguvai? [Billy Paul anopindura kuti, "Izvozvi."—Mupepeti.] Izvozvi. Ari kuuya iye pachake? [Billy Paul anopindura kuti, "Ndichaenda kunomutora."] Zvakanaka. Zvakanaka, changamire.

206 Zvino, ndinoziva kuti tava kutobuda zvino kana pasina—pasina rimwe shoko. Hee? Zvino, kana pasina, ngatichiendai hedu. Ndizvozvo. Hongu, Hama Collins? [Hama Collins vanoti, "Zvingava nani kana tepi ikadzimwa."—Mupepeti.] Zvakanaka. [Patepi hapana chinhu.]

207 Zvakanaka, hama, ndafara kuva nemi manheru ano, neHama Neville, nokumadhikoni, namatirastii, nasuperintendent weSunday school, imi mose. Tinovimba kuti Ishe vachakubatsirai zvino kuti mutevedzere mirairo iyi kuitira Humambo hwaMwari. Chikonzero ndataura izvi ndechokuti ndinofunga kuti makura kubva pakuva vana kusvika pakuva vanhu vakuru. Pawaiva mwana, waitaura somwana, wainzwisisa somwana. Asi zvino wava munhu mukuru, saka ngatiitei sevanhu vakuru muimba yaMwari, tiine mazvibatiro akanaka, uye tichiremekedza mahofisi edu, uye tichiremekedza hofisi yoga-yoga. Chipo chese chatakapiwa naIshe, ngatichiise muhurongwa, nokuremekedza Mwari nezvipo zvedu nemahofisi edu.

Ngatinamatei.

208 Baba vedu vokuDenga, tinoKutendai manheru ano nokuungana pamwe chete kwevarume vakaiswa mumahofisi pano kuti vaite basa raShe riri kuitwa pano muchechi ino muJeffersonville. Mwari, dai ruvoko rweNyu rukava pamusoro pavo, dai Mukavabatsira nokuvaropafadza. Dai vungano nevanhu vakanzwisisa nokuziva kuti izvi ndezvokuitira kuti zviite nani kuHumambo hwaMwari, kuitira kuti tive varume vane kunzwisisa nokuziva Mweya waMwari, uye tigoziva zvokuita. Tipei, Baba. Tiparadzanisei zvino nemaropafadzo eNyu, uye dai Mweya Mutsvene ukatirinda nokutitungamirira, nokutichengetedza, uye dai tikawanikwa takatendeka pabasa redu. MuZita raJesu Kristu, ndanamata. Ameni.

Hurongwa HweChechi SHO63-1226
(Church Order)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu neChina manheru, 26 Zvita, 1963, kuitira mitingi yebhodhi reBranham Tabhenakeri paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org